देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

बुध

02 सितंबर, 2026

पटना

भादव, कृष्ण पक्ष, षष्ठी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 351 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

## विकराल भेल बाढ़ि

# देखिते-देखिते गंगा मे विलीन भए गेल मंदिर

**पटना, समदिया**

बिहार मे बाढ़िक संकट एखनहुं टरल नहि अछि। नेपाल आ बिहार मे भेल बरखाक बाद कोसी, गंडक, गंगा, बूढ़ी गंडक, बागमती, पुनपुन आ घाघरा समेत कतेको प्रमुख नदीक जलस्तर खतरा अथवा चेतावनी स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि। जल संसाधन विभागक 1 सितंबरक आंकड़ा अनुसार राज्यक विभिन्न नदी घाटी मे कतेको स्थान पर जलस्तर लगातार दबाव बनौने अछि। भागलपुरक राघोपुर मे मंगल कें एक दुर्गा मंदिर गंगाक पानि मे विलीन भए गेल।

कोसी नदीक स्थिति विशेष रूप सं चिंताजनक अछि। सुपौल जिलाक वीरपुर मे कोसीक जलस्तर खतराक स्तर सं 53 सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कएल गेल अछि। खगड़ियाक बलतारा मे सेहो कोसी खतरा स्तर सं ऊपर अछि, जखन कि कटिहारक कुरसेला मे नदी 30.44 मीटर पर बहि रहल अछि, जे खतरा स्तर 30 मीटर सं 44 सेंटीमीटर बेसी अछि।

### कोसी-गंगा-गंडक समेत कतेको नदी खतरा निशान सं ऊपर



गंगाक जलस्तर सेहो कतेको स्थान पर खतराक स्तर पार कए गेल अछि। पटना मे गांधी घाट, दीघा घाट आ हथीदह, भागलपुरक अजमाबाद, सुल्तानगंज आ कहलगांव मे गंगा खतरा स्तर सं ऊपर अछि। मुंगेर आ बक्सर समेत कतेको स्थान पर नदी चेतावनी स्तर सं ऊपर अछि। गंडकक स्थिति सेहो सामान्य नहि अछि। गोपालगंजक डुमरियाघाट मे गंडक खतरा स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि। मुजफ्फरपुरक रेवाघाट आ पश्चिम चंपारणक बगहा तथा ठकराहा मे सेहो जलस्तर चेतावनी स्तर पार कए चुकल अछि। बागमती मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक स्तर सं ऊपर अछि, जखन कि खगड़िया मे बूढ़ी गंडक सेहो खतरा स्तर पार कए गेल अछि।

# 40 विद्यार्थी पढ़ैत छल तिमुरेक स्कूल मे, आब मात्र दू बांचल अछि

**काठमांडू, समदिया**

रसुवाक तिमुरे मे भोटेकोशी-त्रिशूलीक विनाशकारी बाढ़ि मात्र घर-द्वारि आ विद्यालय कें नहि बहा लए गेल, बल्कि कतेको परिवारक भविष्य सेहो अन्हार कए देलक। जाहि स्कूल मे किछु दिन पहिने धरि करीब 40टा बच्चाक किलकारी गुंजैत छल, आइ ओहि विद्यालय भवनक एकटा डंडी धरि नहि बांचल अछि। चारि तल्लाक पूरा विद्यालय बाढ़िक प्रचंड धार मे विलीन भए गेल।

सभ सं पीड़ादायक स्थिति ई अछि जे विद्यालयक प्रधानाध्यापक फुर्पु दोर्जे अखन धरि बाढ़िक बाद अपन विद्यार्थी सभ मे मात्र दू गोटे कें अपन आंखि सं देखने छथि। करीब सात विद्यार्थी संपर्क मे आएल छथि, मुदा बांकी विद्यार्थी सभक कोनो ठोस जानकारी एखन धरि नहि भेटल अछि। विद्यालयक छओ शिक्षक सेहो बाढ़िक बाद सं लापता छथि।

गोसाइंकुंड गाउंपालिकाक-2 मे रहल नेपाल राष्ट्रिय बेसिक स्कूल मे कक्षा 1 सं 8 धरि पढ़ाइ होइत छल। करीब 40 विद्यार्थी नियमित रूप सं विद्यालय अबैत छलाह। मुदा 26 अगस्त कें आएल विनाशकारी बाढ़ि एक झटका मे विद्यालयक अस्तित्व मेटा देलक।

प्रधानाध्यापक स्वयं सेहो एहि महाविपत्तिक साक्षी छथि। बाढ़िक समय ओ विद्यालय सं करीब 100 मीटर दूर अपन घर मे छलाह। अनचोके भेल भयानक आवाज सुनि जखन ओ खिड़की खोलि बाहर देखने छलाह, तखन बाढ़िक प्रचंड धार हुनकर दिस उफनैत आबि रहल छल। ओ चप्पल धरि नहि पहिरि सकलाह आ जान बचेबा लेल भागलाह। एहि क्रम मे ओ अपन सहकर्मी शिक्षिका तं जोगा गेलाह, मुदा हुनकर परिचित आ संबंधी मिला कए 150 सं बेसी लोक एखनहुं लापता छथि।

चारि दिन बाद स्वयं उद्धार भेल प्रधानाध्यापक रसुवाक धुन्चे होइत बट्टार आ तकर बाद काठमांडू पहुंचलाह। एखन ओ स्वयंभू स्थित यल्लो गुंबा मे अन्य बाढ़ि पीड़ित सभक संग आश्रय लेने छथि। ओतहि हुनका अपन विद्यालयक दू विद्यार्थी जीवित अवस्था मे भेटलनि।




**चारि तल्लाक पूरा स्कूल बाढ़िक प्रचंड धार मे विलीन भए गेल**

गोसाइंकुंड गाउंपालिकाक-2 मे रहल नेपाल राष्ट्रिय बेसिक स्कूल मे कक्षा 1 सं 8 धरि पढ़ाइ होइत छल। करीब 40 विद्यार्थी नियमित रूप सं विद्यालय अबैत छलाह। मुदा 26 अगस्त कें आएल विनाशकारी बाढ़ि एक झटका मे विद्यालयक अस्तित्व मेटा देलक।

## एक नजरि

### पटना सहित 5 जिला मे भए सकैत अछि तेज बरखा, 14 जिला मे ऑरेंज अलर्ट

**पटना :** राज्यक कतेको जिला मे मंगलदिन मौसिमक मिजाज बदलि गेल। पटना मे तेज बरखाक बाद कतेको इलाका मे जलजमाव भए गेल। सुपौल, बक्सर, भोजपुर आ खगड़िया मे सेहो रुकि-रुकि कए बरखा भेल। मौसम विभाग पटना सहित राज्यक 14 जिला मे वर्षाक ऑरेंज अलर्ट जारी केने अछि। एहि दौरान बज्रपातक विशेष चेतावनी देल गेल अछि। सोमदिन पटना, लखीसराय, पूर्णिया, खगड़िया, भागलपुर, बेगूसराय, अररिया आ मुंगेर मे बरखा भेल। औरंगाबाद मे सर्वाधिक 145 मिलीमीटर बरखा दर्ज भेल। सहरसा मे 15 लोक सं भरल नाव तिलावे नदी मे पलटि गेल। दुर्घटना मे एक महिलाक डूबला सं मृत्यु भए गेल, जखन कि एक किशोरी एखनहुं लापता अछि। तेज हवाक झोंका सं नाव असंतुलित भए अनचोके पलटि गेल। नाव पर सवार लोक सभक अनुसार घटना मंगलदिन सांझ करीब 6 बजे भेल।

# चिराग पासवान कें जान सं मारबाक धमकी, भेटल गुमनाम पत्र

### बिना हस्ताक्षरक पत्र मे लिखल अछि, जल्दिये आतंकवादी अहां कें मारि देत

**नई दिल्ली, समदिया**

केंद्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री आ लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान कें जान सं मारबाक धमकी भेटल अछि। 1 सितंबर कें हुनकर मंत्रालय मे डाकक माध्यम सं एकटा बिना हस्ताक्षरक पत्र पहुंचल, जाहि मे हुनका शीघ्र हार्डकोर आतंकवादी द्वारा मारि देल जाएत कहि कए धमकी देल गेल अछि। मंत्रीक कार्यालय एहि मामिला कें गंभीर मानैत केंद्रीय गृह मंत्रालय सं तत्काल जांच आ सुरक्षा व्यवस्था बढ़ेबाक आग्रह कएलक अछि।

चिराग पासवानक अतिरिक्त निजी सचिव आलोक कुमार सिंह केंद्रीय गृह सचिव गोविंद मोहन कें पत्र लिखि धमकीक जानकारी देलनि। हुनकर पत्रक अनुसार मंत्रालय मे भेटल पत्र पर कोनो हस्ताक्षर नहि छल, मुदा ओहि मे दूटा मोबाइल नंबर लिखल छल।



पत्र खोललाक बाद ओकर भीतर केंद्रीय मंत्रीक जीवन कें सीधा खतरा मे बताओल गेल छल।

मंत्रीक कार्यालय गृह मंत्रालय सं धमकीक स्रोत, प्रामाणिकता आ परिस्थितिक विस्तृत जांच करबाक मांग कएलक अछि। संगहि चिराग पासवानक सुरक्षा व्यवस्थाक पुनः समीक्षा करबाक आ आवश्यकता पड़ला पर सुरक्षा बढ़ेबाक अनुरोध सेहो कएल गेल अछि। हुनकर आगामी सार्वजनिक कार्यक्रम सभ कें ध्यान मे राखि सुरक्षा कें विशेष रूप सं सुदृढ़ करबाक आग्रह कएल गेल अछि।

चिराग पासवान वर्तमान मे जेड श्रेणीक सुरक्षा घेरा मे छथि। धमकीक सूचना केंद्रीय गृह मंत्रालयक अतिरिक्त संबंधित सुरक्षा एजेंसी सभ आ बिहार सरकार कें सेहो देल गेल अछि। एखन धरि धमकी देनिहार व्यक्ति अथवा समूहक पहिचान सार्वजनिक नहि भेल अछि। सुरक्षा एजेंसी सभ पत्रक वास्तविकता आ ओकर स्रोतक जांच मे जुटल अछि। ई पहिल बेर नहि अछि जखन चिराग पासवान कें जान सं मारबाक धमकी भेटल अछि। जुलाई 2025 मे बिहार विधानसभा चुनाव लड़बाक पार्टीक निर्णयक घोषणा बाद सोशल मीडिया माध्यम सं सेहो हुनका धमकी देल गेल छल। ओहि मामिला मे लोजपा (रामविलास) केर प्रवक्ताक दिस सं पटना साइबर पुलिस थाना मे शिकायत दर्ज कराओल गेल छल आ पुलिस जांच शुरू केने छल। टटका धमकीक बाद चिराग पासवानक सुरक्षा कें लए कए चिंता बढ़ि गेल अछि। गृह मंत्रालय आब पत्रक सत्यता, धमकीक वास्तविक उद्देश्य आ एकर पाछां कोनो संगठित समूहक संलिप्तता अछि कि नहि, एहि सभ पहलू पर जांच करबाक बाट पर अछि।

# केंद्र देलक मंजूरी, पटना मे खूजत एनएसडी कैंपस : सीएम

- **मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मोतिहारी मे केलनि घोषणा**

**मोतिहारी, समदिया**

सरकारी कार्यालयक चक्कर काटबाक आ मास-मास दिन अपन काजक प्रतीक्षा करबाक समय समाप्त करबाक दिस बिहार सरकार पैघ डेग उठौलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मंगलदिन मोतिहारी सं सहयोग पोर्टलक जवाबदेही व्यवस्थाक घोषणा



करैत कहलनि जे जनताक काज मे लापरवाही करयबला अधिकारी सभ कें आब छोड़ल नहि जाएत। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे केंद्र पटना मे जल्दिये एनएसडी कैंपस खूजत। केंद्र सरकार एकर मंजूरी दए देने अछि। ओ एहि लेल केंद्र सरकारक प्रति आभार जतौलनि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे सहयोग पोर्टल अथवा सहयोग शिविर मे आवेदन देलाक बाद 10 दिन मे काज नहि भेल तं मुख्यमंत्री कार्यालय सं पहिल नोटिस, 20म दिन दोसर नोटिस आ 25म दिन फेर नोटिस पठाओल जाएत।




# पीएम मोदीक सोना नहि किनबाक अपील आयात घटला सं रुपैया पर दबाव कमत

- **वीडियो संदेश जारी कए पीएम जतौलनि प्रसन्नता कहलनि, भारतक जीडीपी वृद्धि दर 7.8 प्रतिशत**

**नई दिल्ली, एजेंसी**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी देशवासी सं फेर अनावश्यक रूप सं सोना नहि किनबाक अपील कएलनि अछि। हुनकर कहब अछि जे जं सोनाक जरूरत नहि हो तं ओकर खरीद सं बचबाक चाही। एहि अपीलक पाछां देशक अर्थव्यवस्था कें मजबूत करबाक तर्क सेहो अछि। भारत अपन उपयोगक करीब 99 प्रतिशत सोना विदेश सं आयात करैत अछि। सोनाक आयात कम



भेला सं विदेशी मुद्रा पर दबाव घटैत अछि आ एकर सीधा लाभ रुपैया कें भेटैत अछि।

प्रधानमंत्री मोदी मंगलदिन सोशल मीडिया पर जारी एकटा वीडियो मे देशक जीडीपी वृद्धि दर 7.8 प्रतिशत रहला पर देशवासी कें बधाइ देलनि। ओ कहलनि जे ई उपलब्धि देशवासी सभक इच्छाशक्ति, परिश्रम आ सामूहिक सामर्थ्यक परिणाम अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देशक भीतर किछु लोक निराशा पसारबाक आ झूठक गूंजक माध्यम सं वातावरण खराब करबाक प्रयास कए रहल छथि। मुदा एहि सभ चुनौतीक बादो भारत 7.8 प्रतिशतक विकास दर हासिल कएलक अछि। देश कें एहि गति कें कायम राखैत आगू सेहो तीव्र विकास करबाक आवश्यकता अछि। मोदी एक बेर फेर कहलनि जे जं आवश्यकता नहि हो तं सोना नहि किनू। एहि सं पहिने 10 मई कें सेहो ओ देशवासी सं सोना नहि किनबाक अपील केने छलाह। ओ लोक सभ कें विदेश घूमबाक लेल अनावश्यक यात्रा आ विदेश मे विवाह करबाक प्रवृत्ति सं बचबाक आ मेक इन इंडियाक मंत्रक संग आगू बढ़बाक आग्रह कएलनि।

### सोनाक आयात घटला सं रुपैया कें भेटि रहल अछि मजबूती

भारत अपन आवश्यकताक करीब 99 प्रतिशत सोना विदेश सं किनैत अछि। वित्त वर्ष 2025-26 मे सोनाक आयात पर करीब 6.4 लाख करोड़ रुपैया खर्च भेल छल। विदेश सं सोना किनबाक भुगतान डॉलर मे करय पड़ैत अछि। तें सोनाक आयात कम भेला सं डॉलरक मांग घटैत अछि आ देशक विदेशी मुद्रा भंडार पर दबाव सेहो कम होइत अछि।

### बांका मे घूस लैत पकड़ल गेलाह बीडीओ साहेब

**बांका :** बांका जिलाक फुल्लीडुमर प्रखंडक बीडीओ अमित प्रताप सिंह कें निगरानी अन्वेषण ब्यूरो 75 हजार रुपैया घूस लैत ठामहि पकड़ि लेने अछि। शिकायत पंचायत समिति प्रमुख गौतम प्रकाश केने छलाह। आरोप अछि जे विकास योजना सभक प्रशासनिक स्वीकृतिक बदला मे पांच प्रतिशत कमीशन मांगल जा रहल छल। निगरानीक जांच मे शिकायत सही पौलाक बाद जाल बिछाओल गेल। घूसक राशि बीडीओक हाथ मे पहुंचला पर निगरानी दल हुनका पकड़ि लेलक। रकम अपन रिश्तेदार बच्चन कुमार कें देलाक बाद हुनका सेहो गिरफ्तार कएल गेल। दुनू कें निगरानी दल पटना लए गेल अछि आ आगांक कानूनी प्रक्रिया जारी अछि।

# एसएसबी केलक 585 लीटर नेपाली शराब बरामद, एक व्यक्ति गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक समवाय मुख्यालय कमला केर नाका दल प्राप्त आसूचनाक आधार पर अंतरराष्ट्रीय सीमा क्षेत्र मे कारबाइ करैत 585 लीटर नेपाली देशी शराब बरामद कएलक तथा एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएलक। नाका दल अंतरराष्ट्रीय सीमा स्तंभ संख्या 270/12 सं करीब 400 मीटर भीतर भारतीय क्षेत्र मे बाबा कुट्टी लग निगरानी करैत छल। एहि दौरान किछु व्यक्ति नेपाल दिस सं भारत दिस बोरी मे सामान अनैत डंप करैत देखाइ पड़ल। नाका दल तत्काल घेराबंदी कए कारबाइ कएलक। एहि क्रम मे एक व्यक्ति पकड़ल गेल, जखन कि अन्य लोक घटनास्थल सं फरार भए गेल। घटनास्थल पर डंप कएल गेल बोरीक तलाशी लेल गेल, जाहि मे नेपाली देशी शराब



ह्यसोफी (गौरव)ह्लक 300 मिलीलीटरक 1,920 बोतल बरामद भेल। एकर कुल मात्रा 576 लीटर अछि। एकर अतिरिक्त इफ्क्र-30 केर 300 मिलीलीटरक 30 बोतल, कुल 9 लीटर बरामद भेल। एहि प्रकार कुल 585 लीटर नेपाली शराब बरामद कएल गेल।

एहि अतिरिक्त गिरफ्तार व्यक्तिक कब्जा सं 28,300 रुपैया भारतीय मुद्रा तथा एकटा ओप्पो मोबाइल फोन सेहो बरामद भेल। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान प्रवीण कुमार (30 बरख), पिता अमीरी साह, निवासी बलडीहा, डाकघर आ थाना जयनगर, जिला मधुबनी, बिहारक रूप मे भेल अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे प्रवीण कुमार बतौलक जे उक्त शराब कें नेपालक इनरवा स्थित रामकुमार नामक शराब दोकान सं खरीदल गेल छल आ भारतीय क्षेत्र मे दुल्लीपट्टी निवासी जितेंद्र यादव कें पहुंचाबय छल। एहि मामिला मे बरामद शराब, नगद राशि आ मोबाइल फोनक जब्ती सूची तथा गिरफ्तार व्यक्तिक गिरफ्तारी सं संबंधित आवश्यक कारबाइ पूरा कए थाना जयनगर, जिला मधुबनी कें आगांक कानूनी कारबाइ लेल सुपुर्द कएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जे सशस्त्र सीमा बल भारत-नेपाल सीमापर अवैध गतिविधि आ तस्करी रोकबाक लेल लगातार सतर्क आ प्रतिबद्ध अछि। सीमा क्षेत्र मे आसूचना तंत्र कें मजबूत करैत अवैध गतिविधिक विरुद्ध प्रभावी कारबाइ लगातार जारी राखल जायत। सीमा सुरक्षा आ अवैध गतिविधिपर प्रभावी नियंत्रण लेल 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल द्वारा सीमा क्षेत्र मे लगातार गश्ती, नाका आ निगरानी कएल जा रहल अछि।

# बिहरा मे 47.425 किलो गांजा सन मिलैत मादक पदार्थ बरामद

## ई रिक्शा चालक गिरफ्तार

**सहरसा, समदिया**

सूखा नशाक विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत बिहरा थाना पुलिस पैघ कारबाइ करैत 47.425 किलोग्राम गांजा सं मिलैत जुलैत मादक पदार्थ बरामद कएलक। पुलिस घटनास्थल सं एकटा ईरिक्शा आ वीवो कंपनीक मोबाइल फोन सेहो जब्त कएलक। एहि मामिला मे सुपौल जिलाक एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर जिला मे मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे बिहरा थाना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे एकटा ईरिक्शाक माध्यम सं भारी मात्रा मे अवैध मादक पदार्थ सुपौलक दिस सं बिहरा बाजार होइत सहरसा लए जाएल जा रहल



अछि। सूचनाक सत्यापनक बाद पुलिस दल वरीय पदाधिकारी सभ कें अवगत करबैत मुक्तार मंदिरक लग सघन वाहन जांच शुरू कएलक। एहि दौरान सुपौलक दिस सं आबि रहल ई रिक्शा कें रोकि तलाशी लेल गेल। तलाशी मे 47 पैकेट गांजा सं मिलैत जुलैत मादक पदार्थ बरामद भेल। दंडाधिकारीक मौजूदगी मे डिजिटल तराजू सं वजन करौलापर मादक पदार्थक कुल वजन 47.425 किलोग्राम पाओल गेल। पुलिस घटनास्थल सं पन्ना लाल साह, निवासी करीहो, वार्ड संख्या-13, थाना सदर सुपौल कें गिरफ्तार कएलक। एहि मामिला मे बिहरा थाना मे एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत कांड दर्ज कए आगांक कारबाइ कएल जा रहल अछि। कारबाइ मे थानाध्यक्ष संजय कुमार सत्यार्थी सहित पुलिस पदाधिकारी आ सशस्त्र बलक जवान सहभागी छलाह।

# प्रो. पुष्पम नारायण एमआरएम कॉलेजक प्रभारी प्रधानाचार्या पदक भार सम्हारलनि

**दरभंगा, समदिया**

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा केर स्नातकोत्तर संगीत आ नाट्य विभागक पूर्व विभागाध्यक्ष तथा ललित कला संकायक पूर्व अध्यक्ष प्रो. पुष्पम नारायण एमआरएम महिला महाविद्यालय, दरभंगा केर प्रभारी प्रधानाचार्या पद पर योगदान देलनि। एहि अवसर पर आयोजित स्वागत-सह-विदाई समारोह मे पूर्व प्रधानाचार्य प्रो. एल.पी. जायसवाल हुनका प्रभार सौंपलनि। महाविद्यालय परिवारक दिस सं पाग, चादर आ बुके भेंट कए हुनकर स्वागत कएल गेल।

प्रो. जायसवाल नवनियुक्त प्रभारी प्रधानाचायार्के शुभकामना दैत कहलनि जे हुनकर सान्निध्य आ मार्गदर्शन मे महाविद्यालयक चहुंदिस विकासक आशा अछि। ओतहि प्रो. पुष्पम नारायण शुभकामनाक लेल आभार व्यक्त करैत महाविद्यालयक विकास मे पूर्ण योगदान देबाक भरोसा देलनि। अपन संबोधन मे ओ कहलनि जे कार्यस्थल पर हुनकर पहिल



प्राथमिकता छात्राक हित रहत। छात्राक अध्ययन-अध्यापन, हुनकर आवश्यकता, मूल्यांकन आ शैक्षणिक विकासक संग नव संचालित पाठ्यक्रमक जानकारी उपलब्ध करेनाइ हुनकर प्रमुख उद्देश्य रहत, जाहि सं छात्रा रोजगारोन्मुख भए आर्थिक रूप सं सक्षम बनि सकथि।

ओ कहलनि जे शिक्षक आ कर्मचारीक बीच सौहार्दपूर्ण वातावरण बना कए कार्यक निष्पादन करेनाइ हुनकर दोसर प्राथमिकता रहत। शिक्षक आ शिक्षकेतर कर्मीक आपसी तालमेल संए शैक्षणिक आ प्रशासनिक कार्य सुचारू रूप सं संचालित भए सकैत अछि। ओ छात्रा मे अनुशासन, रैगिंग-मुक्त परिसर, पुस्तकालयक अधिकाधिक उपयोग तथा सरकारी योजनाक लाभ पारदर्शी ढंग सं पहुंचेबाक दिशा मे सेहो विशेष जोर देलनि। समारोह मे महाविद्यालयक शिक्षक, शिक्षिका तथा शिक्षकेतर कर्मी उपस्थित छलाह। सभ गोटे प्रो. पुष्पम नारायणके शुभकामना देलनि तथा प्रो. एल.पी. जायसवालके भावभीनी विदाई देलनि।

## लौकही थाना प्रतिबंधित कफ सिरपक अवैध कारोबारक विरुद्ध पैघ कारबाइ

**मधुबनी।** लौकही थाना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे अटरि गाम निवासी राजू कुमार गुप्ता राजा चौक स्थित अपन टेंपो गैरेज मे अवैध रूप सं प्रतिबंधित नशीला कफ सिरप बेचबाक कारोबार करैत अछि। सूचना सं वरीय पदाधिकारी कें अवगत करबैत हुनकर निर्देश पर छापामारी दल गठित कएल गेल। सत्यापन आ छापामारीक लेल प्रखंड विकास पदाधिकारी, लौकही कें दंडाधिकारीक रूप मे प्रतिनियुक्त कएल गेल। दंडाधिकारी आ पुलिस दल राजा चौक स्थित टेंपो गैरेज पर पहुंचल। पुलिसक गाड़ी देखिते एक व्यक्ति भागबाक प्रयास कएलक, मुदा पुलिस तत्परता सं घेराबंदी कए ओकरा पकड़ि लेलनि। पकड़ल गेल व्यक्तिक पहचान राजू कुमार गुप्ता केर रूप मे भेल। तकर बाद पुलिस टेंपो गैरेजक विधिवत तलाशी लेलनि। तलाशीक क्रम मे एकटा कोठली सं 100 एमएलक कुल 68 बोतल प्रतिबंधित कफ सिरप बरामद भेल। बरामद कफ सिरपक कुल मात्रा 6.8 लीटर बताओल गेल अछि।

# रैयाम आ सकरी मे नव सहकारी चीनी मिलक स्थापना काज निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करी : मंत्री

**पटना, समदिया**

बिहार मे बंद पड़ल चीनी मिल सभ कें पुनर्जीवित कए गन्ना किसान, ग्रामीण अर्थव्यवस्था आ कृषिपरक उद्योग सभ कें नव गति देबाक दिशा मे राज्य सरकार महत्वपूर्ण पहल कयने अछि। सात निश्चय-3 अंतर्गत ह्यसमृद्ध उद्योग सशक्त बिहारह्लक लक्ष्यक अंतर्गत दरभंगाक रैयाम आ मधुबनीक सकरी मे नव सहकारी चीनी मिलक स्थापना लेल चलि रहल तैयारीक सहकारिता मंत्री राम कृपाल यादव आइ उच्चस्तरीय समीक्षा कयलनि। समीक्षा बैसार मे दुनू प्रस्तावित चीनी मिलक स्थापना, विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन (डीपीआर), वित्तीय प्रावधान, किसान सदस्यता अभियान, इंडियन पोटाश लिमिटेड (आईपीएल)क संग प्रस्तावित समझौता ज्ञापन तथा परियोजनाक आगामी चरणसभक विस्तृत समीक्षा कयल गेल। मंत्री सभ संबंधित काज कें समयबद्ध आ समन्वित ढंग सं आगू बढ़ेबाक निर्देश देलनि। विदित अछि जे राज्य मंत्रिपरिषद रैयाम आ सकरी



मे बंद पड़ल चीनी मिलक भूमिपर नव सहकारी चीनी मिलक स्थापना करबाक निर्णय लेने अछि। दुनू परियोजनाक लेल संभाव्यता प्रतिवेदन आ विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन तैयार करबाक स्वीकृति भेटि चुकल अछि तथा इंडियन पोटाश लिमिटेड (आईपीएल)क माध्यम सं नव सहकारी चीनी मिलक स्थापना दिशा मे कारबाइ चलि रहल अछि। प्राथमिक चीनी मिल सहकारी समितिक गठन कें सेहो स्वीकृति देल जा चुकल अछि। प्रस्तावित परियोजना मात्र चीनी उत्पादन धरि सीमित नहि रहत, बल्कि एकरा एकीकृत कृषिपरक औद्योगिक मॉडल केर रूप मे विकसित करबाक परिकल्पना कयल गेल अछि। बैसार मे आईपीएलक संग प्रस्तावित समझौता ज्ञापन (एमओयू)क प्रगतिक सेहो समीक्षा कयल गेल। एमओयूक प्रारूप तैयार कए विभागीय मंत्रीक अनुमोदन प्राप्त भए चुकल अछि तथा अनुमोदित प्रारूप आईपीएल कें सहमतिक लेल पठाओल जा चुकल अछि। एकर संगहि रैयाम आ सकरी चीनी मिलक भूमि कें प्रस्तावित रूप सं आईपीएल कें 30 वर्षक लीज पर हस्तांतरित करबाक प्रक्रियाक सेहो समीक्षा कयल गेल।

## चोरी कांडक उद्भेदन, 18 ग्राम सोना आ 1.44 लाख रुपैयाक संग दू गिरफ्तार

**सहरसा।** सदर थाना क्षेत्र मे घरक ताला तोड़ि आभूषण चोरी करबाक मामिलाक पुलिस उद्भेदन करैत दू आरोपित कें गिरफ्तार कएलक अछि। गिरफ्तार आरोपित सभक लग सं 18 ग्राम सोना आ 1.44 लाख रुपैया नगद बरामद कएल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, पांच अगस्तक राति नगर क्षेत्र मे अज्ञात चोर सभ एकटा घर कें निशाना बनबैत अलमारीक ताला तोड़ि सोना-चांदीक आभूषण चोरा लेने छल। घटनाक संबंध मे पीड़ित द्वारा देल गेल आवेदनक आधार पर सदर थाना कांड संख्या 943/26, दिनांक 5 अगस्त 2026 दर्ज कए अनुसंधान शुरू कएल गेल।

## पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक 10 सितंबर धरि 4,000 आवेदन प्राप्त करबाक लक्ष्य निर्धारित

**सीतामढ़ी।** जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे हुनकर कार्यालय कक्ष मे पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक क्रियान्वयन आ प्रगतिक विस्तृत समीक्षा कयल गेल। बैसार मे एलडीएम, सीतामढ़ी, कार्यपालक अभियंता विद्युत, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी आ वरीय उप समाहर्ता आशुतोष श्रीवास्तव उपस्थित छलाह। ओतहि जिलाक सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी, उप नगर आयुक्त, नगर परिषद आ नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी तथा विभिन्न बैंकक प्रतिनिधि वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं बैसार मे जुड़ल छलाह। समीक्षक क्रम मे जिलाधिकारी कहलनि जे पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना सरकारक एकटा महत्वाकांक्षी जनकल्याणकारी पहल अछि, जाहिक उद्देश्य बेसी सं बेसी पात्र घरेलू उपभोक्ता कें सौर ऊर्जा सं जोड़ब अछि। ओ कहलनि जे पात्र परिवार धरि योजनाक लाभ पहुंचाबय मे कोनो स्तर पर शिथिलता नहि होयबाक चाही। सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्धारित लक्ष्यक अनुरूप मिशन मोड मे काज करैत बेसी सं बेसी पात्र उपभोक्ता कें योजना सं जोड़बाक निर्देश देलनि।

## सहयोग शिविर मे प्राप्त आवेदनक समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करी : जिलाधिकारी

**सीतामढ़ी।** जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया डुमरा प्रखंडक ग्राम पंचायत विशनपुर स्थित मनरेगा भवन परिसर मे आयोजित सहयोग शिविरक निरीक्षण कयलनि। निरीक्षणक क्रम मे ओ विभिन्न विभाग द्वारा लगाओल गेल स्टॉलसभक अवलोकन कयलनि आ संबंधित अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे शिविर मे प्राप्त सभ आवेदन आ शिकायतक गंभीरता, संवेदनशीलता आ पारदर्शिताक संग निर्धारित समय-सीमा भीतर निष्पादन सुनिश्चित करथि। जिलाधिकारी कहलनि जे आमजनक समस्याक त्वरित, गुणवत्तापूर्ण आ प्रभावी समाधान जिला प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। ओ निर्देश देलनि जे शिविर मे प्राप्त सभ आवेदन कें अविलंब सहयोग पोर्टल पर अपलोड कयल जाय तथा नियमित निगरानी करैत निर्धारित समय-सीमा भीतर ओकर निष्पादन सुनिश्चित कयल जाय। ओ विशेष रूप सं राजस्व, राशन कार्ड, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, विभिन्न प्रकारक प्रमाण-पत्र, पेयजल, स्वास्थ्य, आवास तथा अन्य जनसेवा सं संबंधित मामिलाक प्राथमिकताक आधार पर निष्पादन करबाक निर्देश देलनि।

# नर्सिंग कॉलेज सभ मे मानकक अनुपालनक होयत जांच

**पटना, समदिया**

बिहार मे नर्सिंग शिक्षा आ प्रशिक्षणक गुणवत्ता कें आरो सुदृढ़ करबाक तथा नर्सिंग कॉलेजसभक संचालन निर्धारित मानकक अनुरूप सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं स्वास्थ्य विभाग द्वारा निरंतर सुधारात्मक आ निगरानी संबंधी कदम उठाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे स्वास्थ्य मंत्री निशांतक अध्यक्षता मे नर्सिंग क्षेत्र सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण विषयक समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे स्वास्थ्य विभागक सचिव कुमार रवि सहित विभागक अन्य वरिष्ठ पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे बीएनआरसी पोर्टल, नर्सिंग कॉलेजसभक मान्यता आ नर्सिंग वर्कफोर्स सुधार सं संबंधित काजक विस्तृत समीक्षा कयल गेल। एहि दौरान स्वास्थ्य मंत्री नर्सिंग कॉलेज सभ मे निर्धारित मानकक अनुपालनक स्थितिक समीक्षा करैत अधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। नर्सिंग कॉलेज मे गुणवत्तापूर्ण शिक्षकक नियुक्ति, समयपर पाठ्यक्रम पूरा कराबय आ आंतरिक मूल्यांकन कराबय लेल सेहो निर्देश देल गेल। स्वास्थ्य मंत्री निशांत निर्देश देलनि जे नर्सिंग कॉलेजसभक मानकक जांच लेल जिलास्तर पर कमेटी गठित कए भौतिक निरीक्षण कराओल जाय। निरीक्षणक दौरान संस्थान सभ मे उपलब्ध आधारभूत संरचना, शिक्षण व्यवस्था, मानव संसाधन, आवश्यक सुविधा आ अन्य निर्धारित मानकक गहन जांच सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। मंत्री स्पष्ट कहलनि जे सभ नर्सिंग कॉलेज लेल निर्धारित मानकक अनुपालन अनिवार्य होयत। जाहि संस्थान मे मानक सं संबंधित कमी भेटय, हुनका निर्धारित समय-सीमा भीतर कमी दूर करबाक निर्देश देल जाय। एहि संबंध मे सभ नर्सिंग कॉलेज लेल स्पष्ट दिशा-निर्देश जारी करबाक सेहो कहल गेल। नर्सिंग कॉलेज सभ मे सीसीटीवी कैमरा लगाबय आ शैक्षणिक गतिविधिक प्रभावी निगरानी लेल कमांड एंड कंट्रोल सेंटर कें लाइव फीडक लिंक उपलब्ध कराबयक निर्देश देल गेल। एकर माध्यम सं नर्सिंग कॉलेज सभ मे संचालित कक्षाक लाइव निगरानी आ निरीक्षण कयल जा सकत। एहि सं शिक्षण व्यवस्था मे पारदर्शिता, नियमितता आ प्रभावी निगरानी सुनिश्चित करबा मे सहायता भेटत।

# गंगाक भंवर मे मृत्यु सं मुठभेड़ : 900 बोरी बालू सं लादल नाह फंसल, 9 मजदूरक अटकल प्राण

## सुरक्षा जैकेट नहि पहिरने रहबाक बात सं उठल सवाल

**भागलपुर, समदिया**

राघोपुर मे गंगा एक बेर फेर खतरनाक रूप देखौलनि। मजदूर सं भरल एकटा नाव अनचोके नदीक बीच भंवर मे फंसि गेल। नाव पर करीब 900 बोरी बालू लदल छल आ नौ मजदूर सवार छलाह। किछु समयक देरी पैघ दुर्घटनाक कारण बनि सकैत छल, मुदा एसडीआरएफ आ एनडीआरएफक दल तत्परता सं बचाव अभियान शुरू कए नाव पर सवार सभ नौ मजदूर कें सुरक्षित बाहर निकालि लेलक।

बताओल जा रहल अछि जे घटना राघोपुरक अछि, जतय पछिला किछु दिन सं ध्वस्त तटबंधक मरम्मति जियो बैगक सहायता सं कएल जा रहल अछि।

नाव भंवर मे फंसते घटनास्थल पर अफरा-तफरी मचि गेल। एसडीआरएफ आ एनडीआरएफक जवान तत्काल नाव पर मौजूद मजदूर सभ कें सुरक्षा संबंधी निर्देश देब शुरू कएलनि। जवान सभ मजदूर सं नावक भार कम करबाक लेल बालूक बोरी गंगा मे फेकबाक



लेल कहलनि। निर्देश भेटिते मजदूर सभ एक-एक कए बालूक बोरी नदी मे फेकब शुरू कएलनि। नावक भार कम होइत गेल आ बचाव दल अपन मोर्चा सम्हारने रहल। अंततः सभ नौ मजदूर कें सुरक्षित निकालि लेल गेल। रेस्क्यूक बाद मजदूर सभ राहतक सांस लेलनि। किछु समय पहिने धरि जतय जीवन-मृत्युक संघर्ष चलि रहल छल, ओतहि बचाओल गेलाक बाद मजदूर सभ भोजन करैत सामान्य होयबाक प्रयास करैत देखल गेलाह। एहि घटना सं किछु दिन पहिने भेल नाव दुर्घटनाक याद फेर ताजा भए गेल अछि। ओहि घटना मे सेहो नाव गंगाक भंवर मे फंसि नदी मे समा गेल छल। हादसा मे दबला सं दू मजदूरक मृत्यु भए गेल छल। ओहि दुर्घटनाक बाद नाव पर सुरक्षा व्यवस्था कें लए कए सवाल उठल छल। वर्तमान घटना मे सेहो नाव पर सवार मजदूर सभ सुरक्षा जैकेट नहि पहिरने छलाह, एहन बात सामने आबि रहल अछि। एहि कारण सवाल उठि रहल अछि जे पिछला दुर्घटनाक बादो नाव संचालन मे सुरक्षा मानकक पालन कें लए कए लापरवाही किएक जारी अछि। 900 बोरी बालू सं लदल नाव, नौ मजदूर आ बिना लाइफ जैकेटक यात्रा–ई तीनू बात गंगा मे सुरक्षित नाव परिचालन पर फेर गंभीर प्रश्न ठाढ़ कए देने अछि। एहि बेर नौ मजदूरक जान बचि गेल, मुदा सवाल यथावत अछि– अगिला बेर बचाव दलक पहुंचबाक पहिनहि किस्मत साथ देत?

## बिहार मे एनएसडीक नव केंद्र खोलबाक स्वीकृति ऐतिहासिक डेग : डॉ. प्रमोद कुमार



**पटना, समदिया**

बिहार मे नेशनल स्कूल ऑफ ड्रामा (एनएसडी)क नव केंद्र खोलबाक केंद्र सरकारक स्वीकृति भेटलापर कला एवं संस्कृति मंत्री डॉ. प्रमोद कुमार प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। ओ एहि निर्णय कें बिहारक गौरवशाली सांस्कृतिक विरासत कें नव ऊंचाइ देबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम बतौलनि। मंत्री डॉ. प्रमोद कुमार कहलनि, बिहार मे नेशनल स्कूल ऑफ ड्रामा (एनएसडी)क नव केंद्र खोलबाक केंद्र सरकारक स्वीकृति देब बिहारक गौरवशाली सांस्कृतिक विरासत कें नव ऊंचाइ देबाक महत्वपूर्ण कदम अछि। एहि लेल हम प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, केंद्रीय संस्कृति मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत आ बिहार सरकारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक प्रति आभार व्यक्त करैत छी। मंत्री कहलनि जे एनएसडी केंद्रक माध्यम सं बिहारक युवा कलाकार सभ कें अभिनय, रंगमंच, स्टेजक्राफ्ट, प्रदर्शन कला तथा एहि सं जुड़ल अन्य क्षेत्र मे नीक आ संस्थागत प्रशिक्षण प्राप्त करबाक अवसर भेटत। एहि सं राज्यक प्रतिभावान युवा सभ कें अपन कला कें निखारबाक आ राष्ट्रीय स्तरपर अपन पहचान बनेबाक लेल नीक मंच उपलब्ध होयत। कला एवं संस्कृति मंत्री कहलनि जे बिहारक धरती कला, साहित्य आ संस्कृतिक क्षेत्र मे कतेको प्रतिभा कें जन्म देने अछि। एनएसडी जेहन प्रतिष्ठित संस्थानक उपस्थिति सं राज्यक समृद्ध नाट्य परंपरा कें नव पीढ़ी धरि पहुंचाबय आ राष्ट्रीय स्तरपर एकरा बेसी व्यापक पहचान दिअबा मे सहायता भेटत।

# डीएम कुर्सी छोड़ि आम लोकक संग जमीन पर बैसि कएलनि सीधा संवाद

## सहयोग शिविर मे जनताक बीच बैसलाह डीएम, समाधानक देलनि भरोसा

» अधिकारी सभ कें त्वरित समाधानक देलनि निर्देश



**मधुबनी, समदिया**

आम लोकक समस्या हुनका सभक बीच पहुंचि कए सुनबाक आ ओकर त्वरित समाधान करबाक लेल जिला प्रशासनक पहल लगातार जारी अछि। एहि क्रम मे फुलपरास प्रखंडक धनौजा पंचायत सरकार भवन मे आयोजित सहयोग शिविर मे जिलाधिकारी आनंद शर्मा आ वरीय पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार सहभागी भेलाह। शिविर मे जिलाधिकारी आनंद शर्मा आम लोकक बीच बैसि कए सीधा संवाद कएलनि। ओ लोकक समस्या आ आवश्यकता कें गंभीरतापूर्वक सुनलनि तथा प्राप्त आवेदनक त्वरित आ समयबद्ध निष्पादन लेल संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। सहयोग शिविर मे प्राप्त आवेदनक निष्पादन सं संबंधित उपलब्ध आंकड़ाक अनुसार धनौजा मे 31 अगस्त 2026 धरि कुल 5 आवेदन प्राप्त भेल छल, जाहि मे सभ 5 आवेदनक निष्पादन कएल जा चुकल छल। ओतहि 1 सितंबर 2026 कें आयोजित शिविर मे कुल 45 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 30 आवेदनक ऑन-स्पॉट निष्पादन कएल गेल। एहि तरहें कालापट्टी शिविर मे 31 अगस्त धरि प्राप्त 12 आवेदन मे 10 आवेदनक निष्पादन कएल जा चुकल छल, जखन कि 1 सितंबर कें कुल 70 आवेदन प्राप्त भेल आ 41 आवेदनक ऑन-स्पॉट निष्पादन कएल गेल।एहि प्रकार दुनू सहयोग शिविर मे 1 सितंबर कें कुल 115 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 71 आवेदनक निष्पादन मौकापर कएल गेल। शेष आवेदनक सेहो नियमानुसार त्वरित निष्पादन लेल संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी आनंद शर्मा कहलनि जे जनता सभक समस्या सुनब आ ओकर समाधान करब प्रशासनक प्राथमिक जिम्मेवारी अछि। प्रशासनिक व्यवस्था तखने प्रभावी मानल जायत, जखन आम लोक कें अपन बात राखबाक लेल सहज आ सुलभ मंच उपलब्ध होय। सहयोग शिविरक माध्यम सं प्रशासन कें सीधे जनता धरि पहुंचाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे आम लोकक बीच बैसि कए संवाद करला सं हुनकर वास्तविक समस्या आ स्थानीय आवश्यकता कें नीक ढंग सं बुझबाक अवसर भेटैत अछि। जिला प्रशासनक प्रयास अछि जे शिकायतक समाधानक प्रक्रिया मात्र कार्यालय धरि सीमित नहि रहय, बल्कि आवश्यकतानुसार प्रशासन स्वयं जनता बीच पहुंचय। वरीय पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार सेहो शिविर मे उपस्थित लोक सं संवाद कएलनि आ हुनकर समस्या संबंधी जानकारी लेलनि। ओ संबंधित मामिला मे आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। सहयोग शिविरक आयोजन सं ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें अपन समस्या प्रशासनक समक्ष राखबाक आ ओकर समाधानक दिशा मे कारबाइ कराबयक अवसर भेटल। जिला प्रशासनक एहि पहल सं प्रशासन जनताबीचक अवधारणा कें मजबूती भेटि रहल अछि तथा आम लोक आ प्रशासनक बीच संवाद आ विश्वासक संबंध आर नीक भए रहल अछि। एहि अवसर पर फुलपरासक अनुमंडल पदाधिकारी, सिविल सर्जन हरेंद्र कुमार, आपूर्ति पदाधिकारी कुमार दीपक, पशुपालन पदाधिकारी, प्रखंड विकास पदाधिकारी, अंचल अधिकारी सहित अन्य प्रखंड स्तरीय पदाधिकारी आ कर्मचारी उपस्थित छलाह।

## सहयोग शिविरक माध्यम सं आम लोकक समस्याक निष्पादन पैघ उद्देश्य : एसडीएम

**मधुबनी, समदिया**

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक परसौनी दक्षिणी पंचायत मे एसडीएम शारंग पाणि पांडेय, बीडीओ बसंत कुमार सिंह, सीओ शैलेंद्र कुमार यादव, एमओ कौशल कुमार मंडल आ बीईओ कौशल कुमार सिंह तथा तीसी नरसाम उत्तरी पंचायत मे जिला पंचायत राज पदाधिकारी राकेश कुमार झा, बीपीआरओ शेखर कुमार आ राजस्व पदाधिकारी सबिता कुमारी पंचायत सरकार भवन परिसर मे सहयोग शिविरक शुभारंभ कएलनि। शिविर मे स्थानीय ग्रामीण, जनप्रतिनिधि, महिला समूहक सदस्य तथा विभिन्न विभागक अधिकारी आ कर्मचारी पैघ संख्या मे उपस्थित छलाह। सहयोग शिविर मे पोर्टलक माध्यम सं विभिन्न समस्या सं



संबंधितऑनलाइन आ ऑफलाइन कुल 25 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 15 आवेदनक निष्पादन कएल गेल। आवेदन मे आवास, पेंशन, नल-जल, स्वास्थ्य आ जमीन विवाद सं संबंधित मामिला बेसी छल। एहि मे कतेको आवेदनक तत्काल निष्पादन कएल गेल। शिविरक माध्यम सं सरकार द्वारा चलाओल जा रहल विभिन्न योजनाक जानकारी सेहो आम लोक कें देल गेल। उपस्थित ग्रामीण सभ सं एक-एक कए संवाद करैत हुनकर समस्या कें गंभीरतापूर्वक सुनल गेल। एसडीएम शारंग पाणि पांडेय कहलनि जे सहयोग शिविरक मुख्य उद्देश्य आम लोकक समस्या कें स्थानीय स्तर पर सुनब आ ओकर शीघ्र निष्पादन करब अछि। पंचायत आ प्रखंड स्तरक पदाधिकारी एवं कर्मचारी अपन कर्तव्यक निर्वहन पूरा जिम्मेवारीक संग करथि तथा आम लोकक समस्या कें निर्धारित समय-सीमाक भीतर निष्पादित करब सुनिश्चित करथि। एहि अवसर पर पीओ मनोरंजन कुमार रंजन, सीडीपीओ अहमद रजा खां, थानाध्यक्ष अनुराग कुमार, पर्यवेक्षिका सीमा सिंह, मुखिया शहनाज बेगम, समाजसेवी शाहिद हुसैन, उसौद अहमद चंद, समिति सदस्य मो. इरशाद, पंचायत सचिव मनोज कुमार सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# डबल इंजनक सरकार मे महादलित पर्चाधारीक जमीनो सुरक्षित नहि : माले

**मधुबनी, समदिया**



भाकपा माले, भौआड़ा पार्टी शाखाक बैनर तर सैकड़ो महिला-पुरुष आ युवाक द्वारा छह सूत्री मांग कें लए कए आक्रोशपूर्ण धरना-प्रदर्शन कएल गेल। प्रदर्शनकारीक प्रमुख मांग मे रहिका अंचलक भौआड़ा गंगासागरमौजाक खेसरा संख्या 1047 मे सड़क सं सटल पूब दिस महादलित मुशहर परिवारक पर्चावाली जमीन परकथित महंत रत्नेश्वर दास आ दबंग लोक द्वारा कराओल जा रहल निर्माण कार्य पर तत्काल रोक लगाबय आ आवश्यक कारबाइ करबाक मांग शामिल अछि। प्रदर्शनकारी मठ-मंदिर, भू-हदबंदी आ पर्चावाली जमीन मे रत्नेश्वर दास, रहिका अंचल अधिकारी आ प्रशासनक कथित मिलीभगत सं करोड़ोंक भूमिघोटालाक आरोप लगबैत एकर जांच कोनो अवकाशप्राप्त जिला न्यायाधीश सं कराबयक मांग कएलनि। संगहि महादलितक पर्चावाली जमीनक अवैध केवालाक आधार पर दायर दाखिल-खारिज वाद संख्या 1093/2026-2027 कें निरस्त करब, पर्चाधारीक जमीनक संरक्षण करब, पर्चाधारी सभ कें सुरक्षा देब तथा बिहार राज्य धार्मिक न्यास पर्षद, पटना द्वारा देल गेल निर्देश कें लागू करबाक मांग कएल गेल। प्रदर्शनकारी भौआड़ा गंगासागर मे 35-40 बरख सं रहि रहल भूमिहीन दलित-गरीब परिवार कें पर्चा देबाकमांग सेहो कएलनि। धरना स्थल पर माले नेता बिशंभर कामतक अध्यक्षता मे आयोजित सभा कें संबोधित करैत भाकपा- मालेक जिला सचिव ध्रुव नारायण कर्ण कहलनि जे डबल इंजनक भाजपा सरकार मे महादलित पर्चाधारीक जमीन आ पर्चाधारी स्वयं सुरक्षित नहि रहि गेल छथि। सामंती भू-माफिया आ दबंग बेलगाम भए गेलछथि। प्रशासनक नाकक नीचां भौआड़ा गंगासागर मे सड़कक कात मुशहर पर्चाधारीक जमीन पर दबंग लोक द्वारा निर्माण कार्य कराओल जा रहल अछि। ओ तत्काल निर्माण कार्य पर रोक लगाबयक मांग करैत कहलनि जे क्षेत्र मे भारी तनाव अछि। समय रहिते कारबाइ नहि भेल तं कोनो अप्रिय घटना घटि सकैत अछि, जाहि लेल प्रशासन जिम्मेवार होयत। ओ कहलनि जे गरीबक सवाल कें लए कए भाकपा-माले धारावाहिक आंदोलन शुरू करत। सभा कें भाकपा- मालेक बिहार राज्य कमिटी सदस्य श्याम पंडित, ऊत्तीम पासवान, बिशंभर कामत, योगेंद्र महतो, सज्जन सदाय, वीरेंद्र कुमार पासवान, मोहम्मद इमरान, अरविंद पासवान, बिहारी सदाय सहित अन्य लोक संबोधित कएलनि। धरना मे सैकड़ो महादलित सहभागी भेलाह। सभाक दौरान कथित महंत द्वारा कएल गेल फर्जीवाड़ाक आरोपक आलोक मे हुनका विरुद्ध मुकदमा दर्ज करबाक प्रस्ताव सेहो प्रस्तुत कएल गेल।

# खरड़ख गाम मे मासिक धर्म जागरूकता कार्यक्रम आयोजित

## महिला आ किशोरी कें स्वच्छता आ स्वास्थ्यक देल गेल जानकारी

**झंझारपुर, समदिया**

झंझारपुर प्रखंड क्षेत्रक खरड़ख गाम मे सारंग संस्थाक दिस सं मिशन गरिमाक अंतर्गत मासिक धर्म जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक नेतृत्व रुचि झा, अर्चना मंडल आ अभिषेक ठाकुर कएलनि। एहि दौरान महिला आ किशोरी कें मासिक धर्मक समय स्वच्छता, स्वास्थ्य आ व्यक्तिगतदेखभाल सं संबंधित महत्वपूर्ण जानकारी देल गेल। कार्यक्रमक दौरान महिला सभक बीच सेनेटरी पैडक वितरण सेहो कएल गेल। संस्थाक संस्थापिका सह पंचायती राज विभागक ऑडिट ऑफिसर रानी राज कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्र मे मासिक धर्म कें लए कए आइयो झिझक बनल अछि। जागरूकता बढ़ेबाक संगहि महिला सभ धरि आवश्यक सुविधा पहुंचेनाइ सेहो जरूरी अछि। स्वस्थ समाजक निर्माण लेलमहिलाक स्वास्थ्य आ गरिमा कें प्राथमिकता देब आवश्यक अछि। रुचि झा कहलनि जे




मासिक धर्मकसंबंध मे सही जानकारी किशोरी आ महिला कें आत्मविश्वास प्रदान करैत अछि। स्वच्छताक उचित उपाय अपनौला सं कतेको स्वास्थ्य समस्या सं बचल जा सकैत अछि। कार्यक्रम मे पूजा कुमारी, रूपा कुमारी, सोनम, नंदनी, रानी, आरती, चांदनी सहित दर्जनों महिला उपस्थित छलथि।

# जयनगरक आरपीएफ कें सेवानिवृत्ति पर देल गेल भावभीनी विदाई

**जयनगर, समदिया**



जयनगर स्थित आरपीएफ बैरक परिसर मे जयनगर आरपीएफ प्रभारी गोविंद सिंहक सेवानिवृत्तिक अवसर पर सम्मान समारोह आयोजित कएल गेल। समारोह मे स्थानीय जनप्रतिनिधि, समाजसेवी, राजनीतिक दलसं जुड़ल नेता आ गणमान्य लोक सहभागी भए सेवानिवृत्त आरपीएफ प्रभारी कें सम्मानित कएलनि। एहि दौरान हुनकर कार्यकालक सराहना करैत भावभीन विदाई देल गेल। समारोह मे उपस्थित लोक सभ गोविंद सिंहक कार्यकाल कें स्मरण करैत कहलनि जे ओ आरपीएफ प्रभारीक रूप मे अपन दायित्वक निर्वहन पूरा निष्ठा, ईमानदारी आ जिम्मेवारीक संग कएलनि। जयनगर सन महत्वपूर्ण रेल क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था बना रखबाक संगहि यात्री आ रेल संपत्तिक सुरक्षा लेल हुनकर योगदानक सराहना कएल गेल। एहि अवसर पर ग्राम रक्षा दलक प्रदेश अध्यक्ष राम प्रसाद राउत, समाजसेवी राजेश सिंह, युवा कांग्रेसक प्रदेश महासचिव अनुरंजन सिंह, भाकपा मालेक प्रखंड सचिव भूषण सिंह, कांग्रेसक प्रखंड अध्यक्ष सुरेंद्र महतो, मुखिया पति अनिल सिंह, जनसुराज पार्टीक विचार मंचक क्षेत्रीय प्रभारी मनीष झा, मुखिया पति वीरेंद्र यादव, सांसद प्रतिनिधि विनय सिंह, बीस सूत्री अध्यक्ष उद्धव कुंवर, राजदक वरिष्ठ नेता प्रदीप प्रभाकर, राजदक प्रखंड अध्यक्ष अमित यादव, राजद नेता सचिन चौधरी सहित पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह। वक्ता सभ कहलनि जे सरकारी सेवा मे सेवानिवृत्ति एकटा स्वाभाविक प्रक्रिया अछि, मुदा दीर्घ समय धरि पूरा निष्ठा सं सेवा देनिहार कर्मीक स्मृति सदिखन लोकक बीच बनल रहैत अछि। गोविंद सिंहककार्यकालक दौरान हुनकर सहयोगी भावना आ व्यवहारक सेहो उपस्थित लोक सभ प्रशंसा कएलनि। समारोह मे हुनका शॉल आ अन्य सम्मान सामग्री भेंट कए सम्मानित कएल गेल तथा हुनकर सुखद भविष्यक शुभकामना देल गेल। एहि दौरान वातावरण भावुक भए गेल। सहकर्मी आ स्थानीय लोक हुनका संग बिताओल कार्यकाल कें स्मरण करैत हुनकर स्वस्थ आ सुखद भविष्यक कामना कएलनि।

# दरभंगा आकाशवाणी केंद्रक मॉडल रेडियो स्टेशनक रूप मे भए रहल विकास : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा आकाशवाणी केंद्र 1976 मे स्थापना काल सं संपूर्ण मिथिलावासी लेल सांस्कृतिक विरासतक प्रमुख केंद्र रहल अछि। एहि आकाशवाणी केंद्रक माध्यम सं मिथिला क्षेत्रक लोककला, लोकगीत, मिथिला पेंटिंग, मिथिला मखान, कृषि आधारित जानकारी, शैक्षणिक गतिविधि सहित कतेको विषयक प्रसारण होइत रहल अछि। एहि कारण क्षेत्रक लोकजीवन मे एकर महत्वपूर्ण उपयोगिता रहल अछि। प्रसारण व्यवस्था कें नीक बनयबाक लेल ठोस पहल कएल जा रहल अछि। भारत सरकार मिशन मोडक अंतर्गत एफएम चैनलक विस्तार लेल प्रतिबद्ध अछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा



मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुरसोमदिन देर संध्या दरभंगा आकाशवाणी केंद्र पहुंचलनि। ओतय ओ एफएम संयंत्र आ विकासात्मक योजनाक निरीक्षण कएलनि तथा अधिकारी सभक संग बैसार कए विभिन्न सुझाव आ निर्देश देलनि। सांसद डॉ. ठाकुर आकाशवाणी केंद्रक अधिकारी सभ सं प्रसारण अवसंरचना कें आधुनिक तकनीककमाध्यम सं विकसित करबाक तथा प्रसारण व्यवस्था कें देशस्तर पर संवादक प्रमुख केंद्र बनयबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे स्थानीय कलाकार, साहित्यकार आ युवा सभ कें रोजगारक अवसरक संग एकटा मजबूत वैश्विक मंच उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं साढ़े पंद्रह करोड़ रुपैयाक लागतसं एफएम चैनल शुरू कएल गेल छल। एकर क्षमता विस्तारक मंजूरी सेहो शीघ्र भेटबाक संभावना अछि।बैसार मे सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे आकाशवाणी केंद्रक नेटवर्क प्रणालीक मानक स्तर परआधुनिकीकरण लेल केंद्र सरकार तत्पर आ संवेदनशील अछि। केंद्रक आधारभूत संरचनाक सुदृढ़ीकरण, समतलीकरण, जल निकासी आ सौंदर्यीकरण लेल योजनाबद्ध रूप सं पहल शुरू कएल गेल अछि, जाहि केर सकारात्मक परिणाम शीघ्र देखबाक लेल भेटत। निरीक्षण आ बैठकक दौरान आकाशवाणी केंद्रक एडीई राजीव कुमार, एडीपी अमित कुमार, अमरनाथ प्रसाद, मितेश मिश्रा, असद दाऊद, गगन कुमार, सरवर इमाम सहित अन्य अधिकारी आ अभियंता उपस्थित छलाह

# महिला सुरक्षा आ त्वरित न्याय बिहार पुलिसक सर्वोच्च प्राथमिकता : एसडीपीओ

## 112/181 सं रियल टाइम समन्वयक निर्देश



**झंझारपुर, समदिया**

» अनुमंडलक सभ 9 थाना मे महिला हेल्प डेस्क प्रभारीक समीक्षा सह प्रशिक्षण बैसार

महिला सुरक्षा कें सुदृढ़ करबाक आ पीड़ित कें त्वरित एवं संवेदनशील न्याय उपलब्ध करेबाक उद्देश्य सं एसडीपीओ झंझारपुरक नेतृत्व मे मंगल कें झंझारपुर एसडीपीओ कार्यालय मे उच्चस्तरीय समीक्षा-सह- विशेष प्रशिक्षण बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे अनुमंडलक सभ 9 थाना मे कार्यरत महिला हेल्प डेस्कक प्रभारी सहभागी भेलाह। एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा पिछला काजक बिंदुवार समीक्षा करैतहेल्प डेस्क प्रभारीक कार्यक्षमता बढ़ेबाक लेल कानूनी आ व्यावहारिक प्रशिक्षण देलनि। एसडीपीओ कहलनि जे थाना पहुंचयवाली पीड़ित महिला अथवा बच्ची कें ई अनुभव होयबाक चाही जे पुलिस हुनकर रक्षक अछि। महिला हेल्प डेस्क पर अत्यंत सहानुभूतिपूर्ण व्यवहार करबाक तथा सुरक्षित आ गोपनीय वातावरण उपलब्ध करेबाक निर्देश देल गेल। घरेलू हिंसा, दहेज उत्पीड़न, छेड़खानी, पोक्सो आ महिला सं संबंधित साइबर अपराधक मामिला मे बिना विलंब कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। गंभीर मामिला मे तत्कालएफआईआर दर्ज करबाक तथा पारिवारिक विवाद मे कानूनी दायराक भीतर प्रभावी काउंसलिंग करबाक तरीका सेहो सिखाओल गेल। आपातकालीन नंबर 112 आ महिला हेल्पलाइन 181 सं रियल-टाइम समन्वय पर विशेष जोर देल गेल। संकट मे फंसल महिला कें तत्काल सुरक्षा, कानूनी सहायता अथवा अस्थायी आश्रय उपलब्ध करेबाक लेल जिला स्तर पर संचालित वन स्टॉप सेंटर सं शीघ्र जोड़बाक प्रक्रियाक प्रशिक्षण देल गेल। बैसारक दौरान सभ 9 थाना मे महिला हेल्प डेस्कक रजिस्टरक जांच कएल गेल। प्रत्येक छोट-बड़ शिकायतक डिजिटल आ भौतिक अभिलेख व्यवस्थित रखबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं साप्ताहिक आ मासिक समीक्षा कएल जा सकय। एसडीपीओ स्पष्ट कहलनि जे महिला आ बच्चा सं संबंधित अपराधक निपटारा मे कोनो प्रकारक शिथिलता, विलंब अथवा लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जायत। हेल्प डेस्कक कार्यक औचक जांच कएल जायत। नीक काज कएनिहार महिला पुलिसकर्मी कें पुरस्कृत कएल जायत, जखन कि लापरवाही बरतयवाला पर अनुशासनात्मक कारबाइ कएल जायत। बैसारक अंत मे सभ हेल्प डेस्क प्रभारी महिला सशक्तीकरण आ सुरक्षा कें जमीनी स्तर पर आर मजबूत करबाक संकल्प लेलनि।

## महिला आ बालिकाक अधिकारक रक्षा लेल जेंडर फोरमक बैसार

### जेंडर समानता मजबूत करबा मे पंचायत प्रतिनिधिक भूमिका महत्वपूर्ण

**मधुबनी, समदिया**

राजनगर प्रखंडक रघुनीदेहट ग्राम पंचायत स्थित पंचायत भवन मे पंचायत स्तरीय जेंडर फोरमक मासिक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसारक उद्देश्य महिला आ बालिका सं जुड़ल जेंडर आधारित समस्या चिन्हित करब, ओकर समाधान तथा महिला-बालिकाक अधिकार, सुरक्षा आ सशक्तीकरण लेल सामुदायिक सहभागिता कें मजबूत करब रहल। बैसार मे पंचायत प्रतिनिधि, पंचायतकर्मी, जीविका, संबंधित विभागक प्रतिनिधि तथा जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वूमेन मधुबनीक टीम सहभागी भेल। एहि दौरान बाल विवाह, घरेलू हिंसा, बालिका शिक्षा, महिला सुरक्षा, लैंगिक भेदभाव आ जेंडर समानता सन विषय पर विस्तार सं



चर्चा कएल गेल। मधुबनीक जिला मिशन समन्वयक अंजनी कुमार झा कहलनि जे पंचायत प्रतिनिधि समाजक सभ सं लग रहनिहार जनप्रतिनिधि छथि। महिला आ बालिकाक समस्या बुझब, हुनका अधिकार आ सरकारी योजनाक जानकारी देब तथा जरूरतमंद कें समय पर सहायता सेवा सं जोड़बा मे हुनकर भूमिका महत्वपूर्ण अछि। ओ बाल विवाह, घरेलू हिंसा आ महिला हिंसाक रोकथाम लेल पंचायत स्तर परनिरंतर जागरूकता अभियान चलयबाक अपील कएलनि। लैंगिक विशेषज्ञ शिवराम मेहरा जेंडर समानता, जेंडर आधारित हिंसा, बाल विवाहक रोकथाम, बालिका शिक्षा, घरेलू हिंसा आ महिला अधिकारक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे महिला अथवा बालिकाक कोनो समस्या कें नजरअंदाज नहि कएल जाय तथा पीड़ित कें समय पर उचित सहायता उपलब्ध कराओल जाय। बैसार मे महिला हेल्पलाइन 181, महिला पुलिस हेल्पलाइन 1091, चाइल्ड हेल्पलाइन 1098, आपातकालीन सेवा 112 आ साइबर अपराध हेल्पलाइन 1930क जानकारी सेहो देल गेल।

# शिक्षक सभ बांहि पर कारी पट्टी बांधि कए कएलनि विरोध



**बिस्फी, समदिया**

सरकारक नव पेंशन नीति एनपीएसक विरोध आ पुरान पेंशन योजनाक मांग कें लए कए प्रखंड क्षेत्रक विद्यालय मे कार्यरत शिक्षक सभ मंगलदिन बांह पर कारी पट्टी बांधि कए सांकेतिक विरोध दर्ज करबैत अपन पठन-पाठनक काज कएलनि। शिक्षक संघक अध्यक्ष नागेश्वर कुंवर कहलनि जे शिक्षक आ कर्मचारी सभ पुरान पेंशन योजना (ओपीएस) लागू करबाक मांग कें लए कए बांह पर कारी पट्टी बांधि सांकेतिक विरोध दर्ज करौलनि। शिक्षक सभ सरकार सं नव पेंशन व्यवस्था कें समाप्त कए सभ शिक्षक आ कर्मचारी लेल पुरान पेंशन योजना बहाल करबाक मांग कएलनि। शिक्षक सभक कहब अछि जे पुरान पेंशनहुनकर सामाजिक आ आर्थिक सुरक्षाक अधिकार अछि। सरकार जखन धरि पुरान पेंशन योजना बहाल नहि करैत अछि, तखन धरि एहि मांग कें लए कए लोकतांत्रिक आ शांतिपूर्ण ढंग सं आंदोलन जारी रहत। विरोध प्रदर्शन मे बसंत कुमार चौधरी, जितेंद्र पांडेय, राजेश कुमार तिवारी, अर्चना कुमारी, तोफैल अहमद,इंद्रजीत, भारती कुमारी, प्रवीण कुमार सिंह, मिर्जा बेग, अमिताभ कुमार, लाल दास, बिनोद कुमार, ओमनाथ साहु, मो. तमन्ना, अशेष कुमार साहु, विद्यासागर, अभिराम कुमार, सुमित कुमार, मो. शाद, नफीस अहमद, धर्मेंद्र कुमार यादव, मो. साबिर हुसैन, सुशील साहु सहित अन्य शिक्षक सहभागी छलाह।

## एसएसबीक करबाइ मे नेपाली शराब संग एक व्यक्ति गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**

48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक बी समवाय मुख्यालय, मधवापुरक विशेष पेट्रोलिंग दल द्वारा प्राप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ करैत 27 लीटर नेपाली शराब बरामद कएल गेल। एहि कारबाइ मे एक व्यक्ति कें गिरफ्तार करबाक संगहि एक नाबालिग कें अभिरक्षा मे लेल गेल। शराबक परिवहन मे प्रयुक्त एकटा ऑटो सेहो जब्त कएल गेल। समवायक सूचनाक आधार पर विशेष पेट्रोलिंग दल सीमा क्षेत्र मे गश्त लेल रवाना भेल छल। करीब 06:55 बजे अंतरराष्ट्रीय सीमा स्तंभ संख्या 295/04 सं लगभग 100 मीटर भीतर भारतीय क्षेत्र मे नेपाल दिस सं एकटा ऑटो पर सवार दू व्यक्ति कें अबैत देखल गेल। संदिग्ध बुझाइ पड़लापर पेट्रोलिंग दल ऑटो कें रोकि तलाशी लेलक।तलाशीक क्रम मे ऑटो मे राखल बोरी सं नेपाली शराबक 72 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल 375 मिलीलीटरक छल, जाहि सं कुल 27 लीटर शराब बरामद भेल। शराबक अतिरिक्त बजाज वेगो ऑटो सेहो जब्त कएल गेल। कारबाइक दौरान बिट्टू कुमार, उम्र 21 बरख, पुत्र ललित राम, निवासी कोरियाई, थाना सुरसंड, जिला सीतामढ़ी, बिहार कें गिरफ्तार कएल गेल। संगहि बासुकी बिहारी, थाना मधवापुर, जिला मधुबनीक निवासी एक नाबालिग कें अभिरक्षा मे लेल गेल।

# विद्यालय मे नीक पठन-पाठन कें लए कए डीएम कएलनि गांडौल हाईस्कूलक निरीक्षण

» छात्र-छात्रा सं संवाद कए शैक्षणिक व्यवस्थाक लेलनि जानकारी

## आईसीटी लैब आ स्मार्ट क्लासक अधिकतम उपयोगक देलनि निर्देश



सहरसा, समदिया

जिलाक विद्यालय सभ मे पठन-पाठन कें सुदृढ़ करबाक आ विद्यालयक व्यवस्था कें नीक बनयबाक उद्देश्य सं जिलाधिकारी दीपेश कुमार द्वारा लगातार विद्यालय सभक निरीक्षण कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे मंगलदिन डीएम दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग उच्च विद्यालय, गांडौल, महिषीक निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी विद्यालयक शैक्षणिक आ आधारभूत व्यवस्थाक जायजा लेलनि। ओ छात्र-छात्रा सं सीधा संवाद कए हुनकर पठन-पाठन, उपस्थिति आ विद्यालय सं संबंधित विभिन्न विषयक जानकारी लेलनि। डीएम बच्चा सभ कें नियमित रूप सं पढ़ाई करबाक तथा अपन निर्धारित लक्ष्य हासिल करबाक लेल निरंतर मेहनत करबाक लेल प्रेरित कएलनि। विद्यालय मे छात्र-छात्राक उपस्थिति संतोषजनक पाओल गेल। जिलाधिकारी प्रधानाध्यापक सं विद्यालय मे संचालित शैक्षणिक गतिविधि आ अन्य व्यवस्थाक जानकारी लैत एकरा आर नीक बनयबाक निर्देश देलनि। ओ विद्यालय परिसर मे स्वच्छता आ साफ-सफाईक समुचित व्यवस्था बना रखबाक पर विशेष जोर देलनि। जिलाधिकारी विद्यालय मे संचालित आईसीटी लैब आ स्मार्ट क्लासक सेहो निरीक्षण कएलनि। ओ उपलब्ध डिजिटल आ तकनीकी संसाधनक विद्यार्थीक शैक्षणिक हित मे अधिकतम उपयोग सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं बच्चा सभ कें आधुनिक आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक लाभ भेटि सकय। ओ पेरेंट टीचर मीटिंग नियमित रूप सं आयोजित करबाक निर्देश दैत कहलनि जे अभिभावक आ शिक्षकक बीच निरंतर संवाद सं बच्चा सभक शैक्षणिक प्रगति, उपस्थिति आ विद्यालय सं जुड़ाव कें नीक कएल जा सकैत अछि। डीएम कहलनि जे नीक शैक्षणिक वातावरण, नियमित उपस्थिति, स्वच्छता आ उपलब्ध संसाधनक प्रभावी उपयोग शिक्षाक गुणवत्ता सुधारबाक प्रमुख आधार अछि। एहि अवसर पर पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग, सहायक समाहर्ता केतन शुक्ला सहित विद्यालयक शिक्षक आ कर्मचारी उपस्थित छलाह।

# ढंगा मे चलल प्रशासनक बुलडोजर, अतिक्रमणमुक्त करा भूस्वामी कें दियाओल गेल दखल

## दंडाधिकारीक मौजूदगी मे जेसीबी सं ध्वस्त कएल गेल अतिक्रमित ढांचा

बेनीपट्टी, समदिया



अंचल क्षेत्र मे अतिक्रमणक विरुद्ध प्रशासनक कारबाइ लगातार जारी अछि। सोमदिन बेनीपट्टी मुख्यालय मे अतिक्रमण हटेलाक बाद मंगलदिन सेहो हाईकोर्टक निर्देश पर प्रशासन ढंगा मे पैघ कारबाइ कएलक।दंडाधिकारीक मौजूदगी आ भारी संख्या मे पुलिस बलक तैनातीक बीच जेसीबी मशीन सं अतिक्रमित भूभाग पर बनल फूसक झोपड़ी सहित अन्य ढांचा सभके ध्वस्त कए देल गेल। तकर बाद कंटीला तार आ पिलर सं भूभागक घेराबंदी कराकऽ संबंधित भू-स्वामीके दखल दिआओल गेल। कारबाइक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल अंचलाधिकारी अभिषेक आनंदके दंडाधिकारीक रूप मे प्रतिनियुक्त कएल गेल छल। सीओक संग अरेर थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरव, अमीन लोकेश महाराज तथा पुलिस केंद्र सं आएल पैघ संख्या मे महिला आ पुरुष पुलिस बल मौजूद छलाह। प्राप्त जानकारीक अनुसार, मौजा ढंगा स्थित खाता संख्या 431 पुरान आ 39 नव, खेसरा संख्या 1605 आ 1612 पुरान तथा 3002 आ 1302 नव मेकरीब 8 कट्ठा 10 धुर भूभाग पर स्थानीय कृष्णानंद झा द्वारा अतिक्रमण कएल गेल छल। एहि संबंध मे गौशाला रोड, मधुबनी निवासी भव नाथ झा हाईकोर्ट मे सीडब्ल्यूजेसी संख्या 723/2023 केर अंतर्गत वाद दायर केने छलाह। मामिलाक सुनवाईक बाद हाईकोर्ट अतिक्रमण हटाकऽ संबंधित भू-स्वामीके भूभाग पर दखल दिआबयक निर्देश देलक। न्यायालयक आदेश प्राप्त भेलाक बाद अंचलाधिकारी विधि-व्यवस्थाक दृष्टि सं दंडाधिकारी आ पर्याप्त पुलिस बलक प्रतिनियुक्ति लेल कार्यपालक दंडाधिकारीके पत्र लिखलनि। निर्धारित कार्यक्रमक अंतर्गत मंगलदिन सीओ सह दंडाधिकारी अभिषेक आनंद पुलिस पदाधिकारी आ बलक संग ढंगा पहुंचलाह। सर्वप्रथम अमीनक माध्यम सं विवादित भूभागक सीमांकन कराओल गेल। सीमांकनक बाद जेसीबी मशीन लगाकऽ अतिक्रमित स्थल पर बनल फूसक झोपड़ी सहित अन्य ढांचा सभके ध्वस्त कए हटाओल गेल। कारबाइ पूरा भेलाक बाद पिलर आ कंटीला तार सं भूभागक घेराबंदी कराकऽ ओकरा संबंधित भू-स्वामीक जिम्मा मे देल गेल। प्रशासनक एहि कारबाइक दौरान पूरा इलाका मे पुलिस बलक मौजूदगी सं स्थिति पूर्णतः नियंत्रण मे रहल। हाईकोर्टक निर्देश पालन करैत कएल गेल एहिकार्रवाईके अंचल क्षेत्र मे अतिक्रमणक विरुद्ध प्रशासन द्वारा लगातार चलाओल जा रहल अभियानक हिस्सा मानल जा रहल अछि।

# सेटेलाइट सिटी अडानी लेल किसानक निःशुल्क जमीन हड़पबाक योजना : मोर्चा

सीतामढ़ी, समदिया




पेंशनर समाजक सभागार मे संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चा, उत्तर बिहारक 26म स्थापना दिवस पर किसान सभ एक स्वर सं प्रस्ताव पारित कएलनि जे सरकार सेटेलाइट सीतापुरम परियोजना वापस ले, सभ कृषि उपजक सीएटू प्लस 50 प्रतिशत मूल्य देल जाए, नदीक जल प्रबंधन कएल जाए, प्राकृतिक आपदा सं खेतीक सुरक्षा सुनिश्चित कएल जाए तथा गन्नाक मूल्य 750 रुपैया प्रति क्विंटल घोषित करबाक मांग पर पंचायत सं पटना धरि संघर्ष तेज कएल जाए। किसान सभ नवंबर मे पटना स्थित मुख्यमंत्रीआवासक घेराव आ प्रदर्शन मे मजबूत भागीदारी करबाक निर्णय सेहो लेलनि। एहि लेल सेटेलाइटसीतापुरम परियोजनाक लेल अधिसूचित सभ गाम मे महापंचायत आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल। महापंचायतीक अध्यक्षता जिलाध्यक्ष जलंधर यदुबंशी कएलनि। प्रो. आनंद किशोर विषय प्रवेश करबैत कहलनि जे सेटेलाइट सीतापुरम सिटी केर नाम पर जमीनक दामबढ़बाक तथा जमीनके विकसित करबाक भ्रम पसारि सरकार जमीनक संवैधानिक अधिकार आ भारत सरकारक भूमि अधिग्रहण कानून-2013 कें दरकिनार करैत सीतापुरम परियोजना लए आबि रहल अछि। हुनकर कहब छल जे सरकारक मूल उद्देश्य अडानीके निःशुल्क जमीन देनाइ अछि। सरकार लैंड लॉक कए लैंड पूलिंगक माध्यम सं, भूमि अधिग्रहण नहि कए, किसानक 45 प्रतिशत जमीन निःशुल्क रूप सं लए लेत आ पूंजीपति मित्र सभ द्वारा चयनित मुख्य क्षेत्रक अतिरिक्त किसान सभके अन्यत्र 55 प्रतिशत जमीन देत। मुदा देल जाएत 55 प्रतिशत जमीन पर सेहो की पूंजीपति सभक कानून चलत? ओ कहलनि जे सीतामढ़ी मे बागमती परियोजनाक कारण विस्थापित 96 गाम मे दर्जनों गाम आइ धरि पुनर्वासित नहि भए सकल अछि। जे गाम बसाओल गेल अछि, ओतहु भारी अनियमितता रहल अछि। प्रो. किशोर कहलनि जे गन्नाक उत्पादन लागत 750 रुपैया प्रति क्विंटल अबैत अछि आ एहि सं कम मूल्य किसानके स्वीकार नहि अछि। ओ गन्नाक बकाया 50 करोड़ रुपैयाक भुगतान पर केन एक्टक अनुसार 15 प्रतिशत ब्याज देबाक मांग सरकार सं कएलनि। डॉ. किशोर चीनी मिल प्रबंधन द्वारा साजिशपूर्वक कराओल गेल केसीसी सं किसान सभके मुक्त करबाक मांग सेहो सरकार सं कएलनि। जिलाध्यक्ष जलंधर यदुबंशी जिला मे व्याप्त सुखाड़ तथा प्रत्येक बरख होइत प्राकृतिक आपदाक उल्लेख करैत कहलनि जे सीतामढ़ीके सुखाड़ग्रस्त जिला घोषित कएल जाए। किसानके फसल क्षति पर बीमा लाभक संग अगिलाखेती लेल नगद सहायता देल जाए। मोर्चाक नेता रामसागर ठाकुर, जितेंद्र हाथी, अमरेंद्र राय, जीवनाथ शाफी, संजय कुमार, शशिधर शर्मा, अवधेश यादव, राम प्रमोद मिश्र, शंकर मंडल, नंद किशोर मंडल, रामसुरेश तिबारी, मो. अली अकबर, उमेश कुमार सिंह, पारसनाथ सिंह, बिजेंद्र नाथ राजू, सत्यम कुमार सिंह, उपेंद्रआर्य, राम पुकार साह, धीरज कुमार, रबींद्र सिंह, प्रभाकर कुमार सिंह, सत्येंद्र कुमार, रामकलेबर राय, श्याम बिहारी पंडित, अशोक कुमार सिंह, विजय कुमार सिंह, अंगद कुमार, हंसलाल यादव, सुधीर कुमार, नंद लालविद्रोही, नागेंद्र राय, मदन मोहन ठाकुर, महेश कुमार, ओमप्रकाश यादव सहित अन्य किसान नेताक सभ अपन विचार व्यक्त करैत गाम-गाम सं संघर्षक तैयारी करबाक संकल्प व्यक्त कएलनि।

# समर्थक सभ मिलि डॉ. सुबोध कुमार महतोक मनौलनि जन्मदिन

सीतामढ़ी, समदिया



डॉ. सुबोध कुमार महतोक जन्मदिन मंगलदिन उत्साहपूर्वक मनाओल गेल। एहि अवसर पर हुनकर समर्थक आ शुभचिंतक सभ हुनका जन्मदिनक हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि। समर्थक सभ डॉ. महतो कें उपहार भेंट कए हुनकर स्वस्थ, सुखद आ उज्ज्वल भविष्यक कामना कएलनि। जन्मदिनकअवसर पर समर्थक सभ केक काटि खुशीक इजहार कएलनि। जखन डॉ. सुबोध कुमार महतो केक काटलनि, तखन उपस्थित लोक सभ तालिक गड़गड़ाहट सं हुनका जन्मदिनक शुभकामना देलनि। लोक सभ हुनकर दीर्घायु आ निरंतर सफलताक कामना कएलनि। एहि अवसर पर उपस्थित लोक सभ कहलनि जे डॉ. सुबोध कुमार महतोक व्यवहार, सामाजिक सरोकार आ लोकक प्रति हुनकर जुड़ाव हुनका आम लोकक बीच लोकप्रिय बनबैत अछि। जन्मदिनक अवसर पर समर्थक सभ अपन स्नेह आ सम्मानक इजहार करैत कहलनि जे ओ एहि तरहें समाज आ क्षेत्रक लोकक हित मे सक्रिय भूमिका निभबैत रहथि। जदयू जिला महासचिव सुरेश सिंह, डुमरा मुखिया संघक अध्यक्ष मोहन प्रियदर्शी, राम आधार महतो, उदय कुशवाहा, कमर अख्तर सहित पैघ संख्या मे समर्थक आ शुभचिंतक उपस्थित छलाह। समर्थक सभ दिस सं भेटल स्नेह आ शुभकामना लेल डॉ. सुबोध कुमार महतो सभक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे लोकक प्रेम आ विश्वास हुनका लेल सदिखन प्रेरणाक स्रोत रहल अछि।

# समाहरणालय परिसर मे चोरक आतंक, कतेको कार्यालयक एसीक कॉपर वायर चोरी

## सुरक्षा गार्डक उपस्थितिक बादो चोरी सं उठल सवाल

सहरसा, समदिया



शहर मे बढ़ैत चोरीक घटनाक बीच आब समाहरणालय परिसर सेहो चोरक निशाना बनि गेल अछि। सुरक्षा कर्मीक मौजूदगीक बावजूद चोर समाहरणालय स्थित कतेको कार्यालय मे लागल एसीक कॉपर वायर काटिकए चोरा लेलक। घटनाक बाद समाहरणालयक कर्मी सभक बीच सुरक्षा व्यवस्था कें लए कए चर्चा तेजभए गेल अछि। जानकारीक अनुसार, चोर जिला आपूर्ति पदाधिकारी प्रमोद कुमार, जिला कला एवं सांस्कृतिक पदाधिकारी, जिला पंचायती राज पदाधिकारी सहित जिला आपूर्ति कार्यालय मे लागल एसीक कॉपर वायर कें निशाना बनौलनि। चोर सभ बड़ सफाई सं वायर काटि कए चोरीक घटना कें अंजाम देलक। खास बात ई अछि जे समाहरणालय परिसर मे सुरक्षा कर्मीक तैनाती रहबाक बावजूद चोर सभक परिसरक भीतर धरि पहुंचब सुरक्षा व्यवस्थापर सवाल ठाढ़ करैत अछि। संयोगे कहल जा सकैत अछि जे जिला पदाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक कार्यालय मे लागल एसीक कॉपर वायर सुरक्षित बचि गेल।जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी स्नेहा कहलनि जे हुनकर कार्यालयक एसीक वायर एहि सं पहिने सेहो चोरी भए चुकल अछि। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे मौखिक रूप सं जिलाधिकारी कें जानकारी देलगेल अछि। समाहरणालय सन महत्वपूर्ण प्रशासनिक परिसर मे लगातार चोरीक घटना सं कर्मी सभक चिंता बढ़ि गेलअछि। कर्मी सभक कहब अछि जे परिसरक सुरक्षा व्यवस्था कें आर कड़ा करबाक आवश्यकता अछि, जाहिसं भविष्य मे एहि तरहक घटनापर रोक लगाओल जा सकय।

# परौल आ परकौली मे सहयोग शिविर, पदाधिकारी सभ नीचां बैसि सुनलनि आमजनक समस्या

## परौल मे 13 आ परकौली मे 23 शिकायती आवेदन भेल प्राप्त

बेनीपट्टी, समदिया




सितंबर मासक पहिल मंगलदिन प्रखंडक परौल पंचायत सरकार भवनक लग स्थित कला मंच परडीआरडीए निदेशक राघवेंद्र कुमार तथा परकौली मे अपर समाहर्ता मुकेश रंजन झाक उपस्थिति मे सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे दाखिल-खारिज, परिमार्जन, पेंशन, राशन कार्ड, मीटर रीडिंग, बिजली बिल मे सुधार, आवास योजनाक राशि नहि भेटबाक, सड़क निर्माण आ मरम्मत, बांधक मरम्मत, आईसीडीएस, कृषि, जीविका, पशुपालन, श्रम, पैक्स, वास लेल भूमि, नल-जल नहि चलबाक, सिंचाइक समुचित व्यवस्था नहि रहबाक सहित अन्य विभाग सं जुड़ल शिकायती आवेदन प्राप्त कएल गेल। परौल मे 13 आ परकौली मे 23 शिकायती आवेदन प्राप्त भेल। एहि मे पेंशन, राशन कार्ड, आयुष्मान कार्ड,आवास योजना, सड़क निर्माण, नल-जल चालू करबाक तथा सिंचाइक व्यवस्था करबाक सं जुड़ल बेसी आवेदन छल। पेंशन सं संबंधित अधिकांश मामिलाक निष्पादन तत्काल स्थल पर कए देल गेल। ओतहिअन्य मामिला सभके संबंधित विभागके पठा शीघ्र सं शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल। ओतहि परौल मे आयोजित सहयोग शिविर मे मुखिया सुनील यादव डीआरडीए निदेशक, बीईओ सहित आगत सभ अतिथिके मिथिलाक रीति-रिवाजक अनुसार पाग आ दोपट्टा सं सम्मानित सेहो कएलनि। शिविर मे बीडीओ महेश्वर पंडित, आरडीओ अकरम नजफी, आरओ गणेश साहू, बीपीआरओ सह बीईओ मधुकर कुमार, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी आकांक्षा कुमारी, एमओ रोहित रंजन झा, जीविका बीपीएम प्रणवतोष मिश्र, बीएओ नौशाद अहमद, पंचायत सचिव बिंदु नाथ पांडेय, प्रदीप कुमार सिंह, कमलेश रंजन झा, रविकुमार, अरुण कुमार सदय सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# मध्य विद्यालय रूपौली मे अभिभावक शिक्षक संगोष्ठी आयोजित



सीतामढ़ी, समदिया

मध्य विद्यालय रूपौली मे अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर विद्यालय परिवारक सभ सदस्य, शिक्षा समितिक सभ सदस्य, पदेन अध्यक्ष सह वार्ड सदस्य मोहम्मद गफ्फार तथा सभ अभिभावक उपस्थित छलाह। प्रधानाध्यापक मोहम्मद जमीलुर रहमान आ पूर्व जिला परिषद अध्यक्ष श्रीमती इंद्राणी राय उपस्थित लोक कें संबोधित कएलनि। अपन संबोधन मे ओ सभ अभिभावक सं अपीलकएलनि जे बच्चाक भविष्य उज्ज्वल बनय, एहि लेल हुनका सभ कें नियमित रूप सं विद्यालय पठाउ। संगहि घर पर सेहो बच्चा सभ कें निश्चित समय पर बैसा कए पढ़ेबाक आग्रह कएल गेल। अभिभावक सभ कें बच्चाक आधार कार्ड नहि बनल होय तं आधार बनबेबाक सलाह देल गेल। प्रधानाध्यापक विशेष रूप सं कहलनि जे जाहि बच्चाक नाम दोसर विद्यालय मे नामांकित अछि, ओतय सं नाम कटबैत आधार बनबाबि अपन विद्यालय मे पठाओल जाय। श्रीमती इंद्राणी राय कहलनि जे विद्यालयक व्यवस्थासंतोषजनक अछि। विद्यालयक शिक्षक सभक देखरेख मे चलि रहल मध्यान्ह भोजनक व्यवस्था सेहोसंतोषजनक अछि। ओ विद्यालयक शैक्षणिक व्यवस्था आ अन्य गतिविधि कें नीक बनयबाक लेल सभ सं सहयोगक अपेक्षा व्यक्त कएलनि।

# राष्ट्रीय खेल दिवस पर हॉकी खेलाड़ी सभ कें कएल गेल सम्मानित

सहरसा, समदिया



राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर मंगलदिन पटेल मैदान मे हॉकी एसोसिएशनक दिस सं कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे जिलाक हॉकी खेलाड़ी सभ कें प्रोत्साहित करैत हुनका सभ कें टी-शर्ट प्रदान कएल गेल। एहि सं पूर्व पटना स्थित प्राधिकरण मे सहरसा हॉकी एसोसिएशनक अध्यक्ष सुनील कुमार झा कें खेलक क्षेत्र मे हुनकर योगदान लेल सम्मानित कएल गेल छल। ओतहि सहरसाक 15 हॉकी खेलाड़ी कें सेहो सम्मानित करैत हॉकी स्टिक आ टी-शर्ट प्रदान कएल गेल छल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत हॉकी एसोसिएशनक अध्यक्ष सुनील कुमार झा कहलनि जे जिला मे हॉकी खेल कें बढ़ावा देबाक लेल प्रत्येक प्रखंड मे हॉकी प्रतियोगिता आ खेल गतिविधिक आयोजन कएल जायत। एहि आयोजनक माध्यम सं प्रतिभावान खेलाड़ी सभक पहचान कए हुनका सभ कें आगू बढ़यबाक प्रयास कएल जायत। ओ कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्र मे सेहो खेल प्रतिभाक कोनो कमी नहि अछि। जरूरत अछि जे प्रतिभावान खेलाड़ी सभ कें उचित मंच आ आवश्यक संसाधन उपलब्ध कराओल जाय। एसोसिएशनक सचिव प्रमोद कुमार झा कार्यक्रमक सफल आयोजन मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। बताओल गेल जे 30 अगस्त कें वर्षाककारण खेल प्रतियोगिताक आयोजन नहि भए सकल छल। तकर बाद मंगलदिन पटेल मैदान मे खेलक आयोजन कएल गेल, जाहि मे खेलाड़ी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। एहि अवसर पर जिला खेल पदाधिकारी कुमारी तौसी, निगम पार्षद सह कबड्डी संघक सचिव आशीष रंजन सिंह, शैलेश कुमार झा, बादल कुमार बनर्जी, डॉ. प्रीति मिश्रा आ संजीव कुमार सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# प्रधानमंत्रीक चुप्पी भाजपा सरकारक तानाशाही आ दलित विरोधी नीति कें दर्शाबैत अछि : जिलाध्यक्ष

सीतामढ़ी, समदिया



हल्द्वानी मे भेल शुद्धीकरणक मामिला उठेला पर भाजपा सरकारक इशारा पर लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधीक विरुद्ध एफआईआर दर्ज कयल गेला सं नाराज कांग्रेस कार्यकर्ता सभ मंगलदिन जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्नाक नेतृत्व मे गांधी मैदान सं वीर कुंवर सिंह चौक धरि विरोध मार्च निकालि जोरदार प्रदर्शन कयलनि आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक पुतला दहन कयलनि। प्रदर्शनकारी नरेंद्र मोदी मुर्दाबाद, दलित-विरोधी सरकार हाय-हाय आदि नारा लगा रहल छलाह। जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्ना कहलनि जे हल्द्वानी मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगेंक भाषणक मंचक 'शुद्धीकरण' करब अत्यंत शर्मनाक आ संविधान पर हमला अछि। मुदा एहि कुकृत्य कएनिहार भाजपा समर्थित लोक सभ पर कोनो कारबाइ नहि कयल गेल आ उल्टे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी पर एफआईआर दर्ज कय देल गेल। पूरा प्रकरण पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक चुप्पी भाजपा सरकारक तानाशाही आ दलित-विरोधी नीतिके दर्शबैत अछि। प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि मो. अफाक खान, सीताराम झा, संजय कुमार बिररख, डॉ. राजीव कुमार काजू, रितेश रमण सिंह, मो. शम्स शाहनवाज, मनोज कुमार सिंह, आफताब अंजुम बिहारी, संपूर्णानंद झा, प्रो. राम प्रवेश कुशवाहा, महिला नगर अध्यक्ष ऋतु ठाकुर आ जैनेंद्र कुमार राम कहलनि जे राहुल गांधी विपक्षक आवाज कें मजबूती सं उठबैत छथि। हुनका विरुद्ध एफआईआर दर्ज करब राजनीतिक दुर्भावना सं प्रेरित कारबाइ अछि। भ्रष्ट आ संविधान-विरोधी भाजपा सरकारक काला कारनामाक विरुद्ध कांग्रेस कार्यकर्ता अपन आवाज बुलंद करैत रहताह। विरोध प्रदर्शन मे ताराकांत झा, विनय मिश्रा, धीरज मिश्रा, सोहन प्रसाद, चुन्नू सिंह, शैलेंद्र खिरहर, धीरज सिंह, सुप्रिया कुमारी, वीरेंद्र कुशवाहा, भिखारी बैठा, पंकज कुमार, उमेश प्रसाद सिंह, मृत्युंजय कुमार यादव, नीरज कुमार, सत्येंद्र सिंह, रंजीत साह, रवि कुमार, जफीर आलम, राधे श्याम कुमार, भूषण कुमार आदि प्रमुख रूप सं शामिल छलाह।

# फरक्का समझौता बिहार-झारखंड लेल अभिशाप नहि, वरदान बनाउ

कमलेश पांडेय

फरक्का समझौता बिहार-झारखंड लेल अभिशाप अछि-ई कहब राजनीतिक आ क्षेत्रीय तर्कक रूप मे बुझल जा सकैत अछि, मुदा तथ्यक दृष्टि सं एकटा जरूरी अंतर बुझब आवश्यक अछि। वास्तविक समस्या मात्र 1996 केर भारत-बांग्लादेश जल-बंटवारा समझौता नहि, बल्कि फरक्का बराजक जल-प्रवाह व्यवस्था, गाद जमाव आ ताहि सं उत्पन्न नदीक भूगोल सेहो अछि। एहि विषय पर गहन चिंतन-मनन आवश्यक अछि, जाहि सं बिहार कें बाढ़िक मामिला मे 1972 केर बाद सं जे अप्राकृतिक आ अमानवीय परिस्थिति झेलय पड़ि रहल अछि, ताहि सं मुक्ति भेटि सकय। एतबे नहि, एहि केंद्रीय नीतिक कारण बिहारके बाढ़ि सं होमयबला वार्षिक जन-धनक क्षति, फसिलक नोकसान आ आधारभूत संरचना -जना सड़क, रेल आदिक व्यापक क्षतिक वार्षिक मुआवजा भेटबाक चाही। ई मुआवजा फरक्का बराज सं लाभान्वित होमयबला समूह सभ सं वसूल कएल जाय। चूंकि एहि मानव-निर्मित आपदाक प्रभाव उत्तर प्रदेशक दू जिला-गाजीपुर आ बलिया पर सेहो पड़ैत अछि, तें ओहि क्षेत्र सभ कें सेहो मुआवजा भेटबाक चाही। ई बात मात्र हम नहि कहैत छी, बल्कि एहि मामिला सं जुड़ल लोक अपन गहन अनुभवक आधार पर समय-समय पर एहि बात कें व्यक्त करैत रहल छथि। हमर स्मृति मे सेहो ई अनुभव सभ आइ धरि सुरक्षित अछि। समय-समय पर एहि संपूर्ण क्षेत्रक बाढ़ि-आपदा मीडिया रिपोर्टिंग टीमक हिस्सा रहलाक कारण एहि विषय मे हमरा विविध जानकारी सेहो भेटैत रहल अछि। पीड़ित बुजुर्ग सभ स्वयं कहैत रहल छथि जे 1972 केर बाद बाढ़ि एकटा स्थायी आपदा बनि गेल। हुनकर कहब छल-पहिने पानि अबैत छल आ चलि जाइत छल, एतेक नहि जमैत छल! हमरा खुशी अछि जे अपन प्रभुत्वबला सत्ता चलि गेलाक बादे सही, मुदा जनता दल यूनाइटेड कें सद्बुद्धि आयल अछि आ ओकर राज्यसभा सदस्य संजय झा एहि मामिला मे मुखर छथि। एहि मुद्दा मे राज्यक हित सेहो निहित अछि। सीधा प्रश्न अछि-जखन केंद्र सरकार बिहारक दूरगामी हितक रक्षा नहि करत, तखन आखिर के करत? ओहो तखन, जखन बिहार, पश्चिम बंगाल आ केंद्र मे भारतीय जनता पार्टी तथा एनडीएक सरकार अछि। दोसर दिस, एहि समझौता सं लाभ उठेनिहार बांग्लादेश आब भारतक हितैषी नहि, बल्कि चीन-पाकिस्तानक प्रतिशोधी भाषा बाजय लेल बाध्य देखाइत अछि। एहन परिस्थिति मे ओकरा कूटनीतिक पाठ पढ़ेबाक सेहो ई उपयुक्त अवसर अछि।

## बुझू, बिहार लेल संकट कतय अछि?

पहिल-गंगाक प्राकृतिक धारा मे हस्तक्षेप: फरक्का बराज 1975 मे चालू भेल छल। एकर मूल उद्देश्य गंगा सं पानि मोड़ि हुगली मे पठा कोलकाता बंदरगाह मे गाद जमबाक समस्या कम करब छल। समस्या ई अछि जे गंगाक समान अत्यधिक गादबला नदी कें बराज द्वारा नियंत्रित कएल गेलापर ऊपरक दिस गाद जमैत अछि आ नदीक स्वरूप मे



परिवर्तन होइत अछि। शोध मे भागलपुर सं फरक्का धरि 1973 सं 2019 केर बीच नदीक स्वरूप, कटाव आ द्वीप तथा बालूक जमाव मे पैघ परिवर्तन दर्ज कएल गेल अछि। अध्ययन फरक्का बराजकें ऊपरी भाग मे बढ़ैत बाढ़ि आ नदीक स्वरूप मे होमयबला परिवर्तन सं जोड़ैत अछि।

**दोसर—बिहारक बाढ़ि-कटाव संकट :** गंगाक तलहटी मे गादि बढ़ला सं नदीक पानि धारण करबाक क्षमता घटि सकैत अछि। एकटा शोध मे कहल गेल अछि जे निचला गंगाक कतेको भाग मे पैघ स्तर पर गादि जमला सं नदीक धारक क्षमता घटि गेल अछि। एहि कारण अपेक्षाकृत कम जल-प्रवाह मे सेहो गंभीर बाढ़ि आबि सकैत अछि। शोध मे फरक्का कें नदीक स्वरूप प्रभावित करयबला महत्वपूर्ण कारण सभ मे शामिल कएल गेल अछि। एहि कारण भागलपुर, मुंगेर, कटिहार आ आसपासक गंगा-तटीय क्षेत्र मे बाढ़ि आ कटाव कें फरक्का प्रश्न सं अलग कए कए देखब अपूर्ण होयत। मुदा ई कहब वैज्ञानिक रूप सं उचित नहि होयत जे एहि जिला सभ मे होमयबला प्रत्येक बाढ़ि मात्र फरक्काक कारणें होइत अछि। तथापि ई वास्तविकता अछि जे पश्चिम बंगालक ऊपरी जिला सभ मे पानि पहुंचेबाक लेल जखन बराजक फाटक बंद राखल जाइत अछि, तखन रुकल पानि पूर्वी उत्तर प्रदेशक दू जिलाधरि जलस्तर कें बढ़ा सकैत अछि, जकरा कृत्रिम बाढ़ि मानल जाइत अछि।

**तेसर-झारखंड पर सेहो अप्रत्यक्ष प्रभाव :** राजमहल-साहिबगंज क्षेत्र गंगाक ओहि नदी-तंत्रक हिस्सा अछि। फरक्काक ऊपर नदीक प्रवाह, गादि जमाव आ नदीक धाराक स्थान-परिवर्तन मे होमयबला बदलावक प्रभाव झारखंडक साहिबगंज-राजमहल क्षेत्रक तटीय भूमि आ कटाव पर पड़ि सकैत अछि। अध्ययन मे राजमहल क्षेत्र मे सेहो महत्वपूर्ण गाद जमबाक प्रमाण भेटल अछि।

**असली राजनीतिक प्रश्न :** पानि ककर? 1996 केर गंगा जल-बंटवारा संधि मे भारत आ बांग्लादेशक बीच फरक्का पर जनवरी सं मई धरि कम जल-प्रवाहक समय मे पानि बांटबाक सूत्र निर्धारित कएल गेल छल। ई संधि 30 वर्ष लेल छल आ 2026 मे एकर अवधि समाप्त भए रहल अछि। एतहि बिहारक तर्क बेसी गंभीर भए जाइत अछि। प्रश्न अछि-जखन गंगाक पानि बिहार सं होइत आगू जाइत अछि आ बाढ़ि, कटाव तथा गादिक भार बिहार कें वहन करय पड़ैत अछि, तखन भविष्यक जल-संधि बनबैत काल बिहारक जल-आवश्यकता आ नदी-प्रबंधन कें निर्णायक महत्व किएक नहि भेटय? जेना, संधि मे फरक्का पर उपलब्ध पानिक आधार पर भारत-बांग्लादेशक बीच हिस्सेदारीक सूत्र अछि-70 हजार क्यूसेक अथवा ताहि सं कम जल-प्रवाह पर 50:50 आदि। मुदा बिहारक बाढ़ि, गादि, भू-जल, सिंचाई, पेयजल आ भविष्यक जल-आवश्यकताके ओहि स्तर पर द्विपक्षीय जल-बंटवारा कें केंद्र मे नहि राखल गेल अछि। इएह ओ स्थान अछि जतय बिहार कें लगैत अछि जे नदीक ऊपरी प्रवाह क्षेत्रक हितधारक होइतहुं निर्णय-प्रक्रिया मे ओकर पर्याप्त आवाज नहि अछि। मुदा एतय एकटा महत्वपूर्ण सावधानी सेहो आवश्यक अछि। मात्र ई कहब जे फरक्का समझौताक कारण बिहार बर्बाद भए गेल अतिशयोक्ति होयत। वैज्ञानिक अध्ययनक अनुसार गंगाक अस्थिरताक पाछां प्राकृतिक गादि, सहायक नदीसभ, नदीक बहुत कम ढाल, जलवायु तथा बरखा, ऊपरी भाग मे पानिक उपयोग आ मानवीय हस्तक्षेप-कतेको कारण अछि। फरक्का एहि सभ मे एकटा महत्वपूर्ण कारण अछि, मुदा असगर कारण नहि।

## तं 2026 मे बिहारक मांग की होमक चाही?

हमर विचार सं मुद्दा बांग्लादेशके पानि देब बंद करू नहि होमक चाही, बल्कि भारत-बांग्लादेश समझौता, बिहार-झारखंडक जल-सुरक्षा, राष्ट्रीय गाद-प्रबंधन नीति आ गंगाक पर्यावरणीय जल-प्रवाह कें ध्यान मे रखैत एकटा समग्र समझौता होमक चाही। एहि मे पांचटा बात अनिवार्य होमक चाही-

**एक** : बिहारक न्यूनतम जल-आवश्यकता पहिने निर्धारित कएल जाय।

**दोसर** : गंगाक गादिक वैज्ञानिक प्रबंधन लेल राष्ट्रीय नीति बनय।

**तेसर** : भागलपुर-मुंगेर-साहिबगंज-राजमहल क्षेत्रक कटाव कें अंतरराज्यीय अथवा राष्ट्रीय परियोजना मानल जाय।

**चारिम** : फरक्का बराजक फाटक संचालनक वास्तविक समयक वैज्ञानिक समीक्षा हो।

**पांचम** : भविष्यक भारत-बांग्लादेश संधि मे बिहार आ झारखंडक संस्थागत सहभागिता सुनिश्चित कएल जाय।

**अर्थात् असली प्रश्न फरक्का रहय कि हटय? सं आगांक अछि** : फरक्काक कारण उत्पन्न जल, गादि आ बाढ़िक लाभ-हानिक न्यायपूर्ण बंटवारा के सुनिश्चित करत? आ इएह बिहारक सभ सं मजबूत तर्क बनि सकैत अछि। तें फरक्का समझौता बिहार-झारखंड लेल अभिशाप नहि, वरदान बनाउ। जं उपर्युक्त बात सभ पर गंभीरतापूर्वक विचार कएल जाय, तं ई असंभव नहि अछि।

# आखिर आपदाक दृष्टि सं एतेक संवेदनशील किएक अछि ई क्षेत्र?

सौम्या

नेपालक रसुवा जिला मे 26 अगस्त कें आयल भयंकर बाढ़ि भारी तबाही मचौलक। एहि जिला मे पछिला पांच वर्ष मे कम-सं-कम पांच बेर एहि प्रकारक आपदा आबि चुकल अछि। जिलाक भौगोलिक स्थिति, ऊपरी हिमालय मे बढ़ैत तापमान आ अस्थिर ग्लेशियर एहि क्षेत्रक गाम सभकें जलवायु परिवर्तन सं उत्पन्न होमयबला आपदाक लेल विशेष रूप सं असुरक्षित बनबैत अछि। नेपालक नेशनल डिजास्टर रिस्क रिडक्शन एंड मैनेजमेंट अथॉरिटीक आंकड़ाक अनुसार, 2022 सं 2026 केर बीच रसुवा जिला मे पांचटा पैघ बाढ़ि अनचोके आयल। 2023 मे भोटेकोसी नदीक जलस्तर दू बेर अनचोके बढ़ि गेल छल - 3 जून आ 13 जुलाई कें। 25 अगस्त 2024 कें केरुंग नदीक कारण जिला मे एक बेर फेर बाढ़ि आयल। ई नदी रसुवागढ़ीक लग ल्हेंदे खोला नदी मे जा कए मिलैत अछि। स्थानीय अधिकारी सभ अपन चेतावनी मे कहलनि जे गाम सभकें तुरंत खाली करा लेल गेल छल आ एहि बाढ़ि सभ मे ककरो प्राण नहि गेल छल। मुदा 2025 मे एहि बाढ़ि सभक तीव्रता बढ़ि गेल आ ताहि सं होमयबला क्षति सेहो बेसी भेल। जुलाई मे ल्हेंदे-भोटे कोशी नदी प्रणाली मे दू बेर—8 आ 30 जुलाई कें बाढ़ि आयल। एहि दुनू बाढ़ि मे मिला कए कम-सं-कम 20 लोकक मृत्यु भेल। एनडीआरआरएमए केर एकटा रिपोर्ट मे 8 जुलाइक आपदाक विषय मे कहल गेल अछि जे तिब्बत मे प्योरपु ग्लेशियर पर स्थित एकटा ग्लेशियल झील सं बहुत तीव्र गति सं पानि निकलबाक कारण अनचोके बाढ़ि आयल। ई स्थान नेपाल-चीन सीमा सं लगभग 35 किलोमीटर ऊपर अछि। एहि बाढ़ि ल्हेंदे नदीक कात मे पैघ स्तर पर तबाही मचौलक। नेपाल मे एहि नदी कें भोटे कोशी नदीक नाम सं जानल जाइत अछि। जान-मालक भारी क्षतिक अतिरिक्त रसुवागढ़ी मे नेपाल-चीन मैत्री पुल, रसुवागढ़ी ड्राई पोर्टक पैघ भाग आ जलग्रहण क्षेत्र मे बनल तीनटा जलविद्युत परियोजना नष्ट भए गेल। स्याफ्रुबेसी आ



रसुवागढ़ीक बीच लगभग 16 किलोमीटर सड़क सेहो क्षतिग्रस्त भए गेल।

## स्थानक कारण पैघ खतरा

विशेषज्ञ सभक कहब अछि जे रसुवा जिला मे गाम सभक भौगोलिक स्थिति सेहो पैघ खतराक कारण अछि। ई क्षेत्र बहुत बेसी ऊंचाई पर अवस्थित अछि आ ऊपरी हिमालय सं आबयबला नदी सभ लेल पहिल पड़ाव बनैत अछि। जखन ग्लेशियरक झील सभ मे पानिक स्तर बढ़ैत अछि, तखन नदीक धार बहुत तेजी सं नीचां दिस अबैत अछि आ रसुवाक किछु भाग मे पहुंचैत अछि। जिलाक उत्तरी भाग-जाहि मे तिमुरे, रसुवागढ़ी आ स्याब्रुबेसी प्रमुख अछि -एहि प्रकारक बाढ़ि सं विशेष रूप सं प्रभावित होइत अछि। नेपालक इंटरनेशनल सेंटर फॉर इंटीग्रेटेड माउंटेन डेवलपमेंट केर एक वैज्ञानिक कहलनि जे ओहि क्षेत्र मे समतल भूमि बहुत कम अछि, जतय नदीक पानिक वेग कम भए सकय अथवा आगू बढ़बाक पहिने पानि पसरि कए भूमि मे समा सकय। एहि कारण जखन ऊंच पहाड़ सं पानि बहुत तेजी सं नीचां अबैत अछि आ कम दूरी मे संकुचित घाटी सं भए कए गुजरैत अछि, तखन ई गाम सभ सं बहुत बेसी वेग आ शक्तिक संग टकराइत अछि आ भारी क्षति करैत अछि। वैज्ञानिकक अनुसार रसुवा मे बाढ़िक खतरा मात्र हिमालयक ग्लेशियर गरम होमय आ बर्फक तेजी सं पिघलबाक कारणें नहि अछि, बल्कि नदीक स्वाभाविक बहाव कें रोकयबला पैघ-पैघ आधारभूत संरचना सभ सेहो एकर कारण अछि। अर्थात जखन पिघलैत ग्लेशियरक पानि बहुत तेजी सं नीचां अबैत अछि, तखन ओकरा पसरबाक आ वेग कम करबाक लेल पर्याप्त स्थान नहि भेटैत अछि। परिणामस्वरूप ओकरा तुरंत घर, पुल, सड़क आ अन्य आधारभूत संरचनासभक सामना करय पड़ैत अछि। एहि गामसभक लोक स्वयं देखि रहल छथि जे प्रत्येक वर्ष बाढ़िक संख्या आ ओकर तीव्रता दुनू बढ़ि रहल अछि। नेपाल-तिब्बत सीमाक लग ई बाढ़िक आशंका बला क्षेत्र अछि आ एतय लगभग प्रत्येक वर्ष छोट-पैघ बाढ़ि अबैत रहल अछि। ई बात नुवाकोट जिला मे नेपाली कांग्रेसक जिलाध्यक्ष रमेश कुमार महत कहलनि। पछिला वर्ष सेहो एहि क्षेत्र मे ग्लेशियल लेक आउटबर्स्ट फ्लड आयल छल। महत कहलनि जे पछिला वर्ष रसुवा मे आयल बाढ़ि सेहो हमरा मोन अछि। ई जीएलओएफक कारण आयल छल आ हमरा मोन अछि जे करीब 20 लोकक मृत्यु भेल छल। महतक अनुसार एहि क्षेत्र सभ मे प्रत्येक वर्ष बाढ़ि आबि जायब असामान्य बात नहि अछि।

# विपत्ति कें बुझी की तुरंत निष्कर्ष सुना दी?

मुराहरि पराजुली

गत सप्ताह रसुवा आ नुवाकोट जिला मे जन-धनक पैघ क्षति करयबला बाढ़ि कें प्राकृतिक विपत्ति कहल गेल। संगहि ई तर्क सेहो देल गेल जे प्रकृतिक अत्यधिक दोहन करयबला वर्तमान जीवनशैलीक कारण ई मानव-निर्मित विपत्ति अछि। मुदा की ई निष्कर्ष पूर्णतः सही अछि? हमरा एकर निश्चित उत्तर ज्ञात नहि अछि। एहि प्रसंग मे महत्वपूर्ण बात ई अछि जे हम कोनो घटना पर बहुत जल्दी आ सरल निष्कर्ष निकालबाक प्रवृत्ति सं बांची। शिक्षित आ जानकार लोक सेहो कतेको बेर तथ्यक अपेक्षा सतही सूचना सं अधिक प्रभावित भए जाइत छथि। ई कोनो बौद्धिक दुर्बलता नहि, बल्कि मनुष्यक स्वाभाविक मानसिक प्रवृत्ति अछि। मुदा आधुनिक जटिल संसार मे ई प्रवृत्ति सदिखन उपयोगी नहि होइत अछि। भौगोलिक आ भौगर्भिक दृष्टि सं नेपाल संसारक उच्च विपद-खतराबला देश सभ मे अछि। भारतीय आ यूरेसियन टेक्टोनिक प्लेटक निरंतर टकराव, भिरल आ कमजोर भू-संरचना, अनिश्चित मानसूनी बरखा, हिमताल विस्फोट आ हिमनदी पिघलबाक प्रक्रिया आदिक कारण भूकंप, बाढ़ि, , सुखाड़ आ वनाग्नि सन विपत्ति नेपाली जनजीवनक हिस्सा बनि गेल अछि। मुदा खतरा कें बुझबाक आ तकर आधार पर नीति बनेबाक तरीका सेहो महत्वपूर्ण अछि।

## अतिवादी सोच सं बचब आवश्यक

मनुष्यक मस्तिष्क संसार कें सुरक्षित-असुरक्षित, विकसित-अविकसित अथवा हम-ओ जेकां दू विपरीत समूह मे बांटि बुझबाक प्रवृत्ति रखैत अछि। मुदा वास्तविकता प्रायः एहि दुनू छोरक बीच होइत अछि। एहि कारण ई मानि लेब गलत अछि जे पहाड़ी आ हिमालयी क्षेत्र सदिखन विपत्तिग्रस्त रहैत अछि आ काठमांडू तथा तराई सुरक्षित अछि। काठमांडू उपत्यका स्वयं उच्च भूकंपीय जोखिमबला क्षेत्र अछि, जखनकि तराईक जिला प्रत्येक मानसून मे डुबान आ बाढ़िक सामना करैत अछि। कोनो स्थान पूर्णतः सुरक्षित नहि अछि; मात्र खतराक रंग-रूप अलग-अलग होइत अछि।



## शीर्ष समाचार आ वास्तविकता

खराब घटना हमर ध्यान नीक घटना सं बेसी शीघ्र खींचैत अछि। विनाश अनचोके होइत अछि आ तुरंत शीर्ष समाचार बनि जाइत अछि, जखनकि सुधार धीरे-धीरे होइत अछि आ प्रायः समाचार नहि बनैछ। 2072 सालक गोरखा भूकंपक बाद नेपाल मे पुनर्निर्माणक क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति भेल। लाखो भूकंप-प्रतिरोधी घर बनल, विद्यालय आ स्वास्थ्य चौकी पुनर्निर्मित भेल आ भवन-निर्माण मापदंडक पालन मे सुधार आयल। तें विपदक खतरा एखनहुं उच्च होइतहुं, ओकर व्यवस्थापन करबाक क्षमता सेहो क्रमशः बढ़ि रहल अछि।

## आंकड़ा कें सही संदर्भ मे बुझी

हम प्रायः मानि लैत छी जे विपत्तिक संख्या आ क्षति प्रत्येक वर्ष निरंतर बढ़ैत अछि। ई आंशिक रूप सं सही भए सकैत अछि, मुदा घटनाक पंजीकरण आ अभिलेख-व्यवस्था मे सुधारक कारण सेहो संख्या बढ़ल देखाइत सकैत अछि। पहिने पूर्वसूचना-व्यवस्था लगभग नहि छल, आब ओकर विस्तार भए रहल अछि, जाहि सं मानवीय क्षति कम करय मे सहायता भेटैत अछि। जलवायु परिवर्तन वर्षाक तीव्रता आ हिमनदी पिघलबाक गति पर प्रभाव दए रहल अछि, मुदा ई परिवर्तन सेहो सदिखन सीधा रेखा मे नहि होइछ। किछु समय धरि परिवर्तन नगण्य रहि सकैत अछि आ तकर बाद अनचोके पैघ घटना घटि सकैत अछि। तें मात्र आंकड़ा कें सीधा रेखा मे बढ़ैत मानब उचित नहि। एहि प्रकारें सैकड़ो मरल, हजारो निपत्ता अथवा लाखो प्रभावित जेकां पैघ संख्या भय उत्पन्न करैत अछि। आंकड़ा कें कुल जनसंख्या आ दोसर विपत्ति सं तुलना कए कए बुझब आवश्यक अछि। 2015 सालक भूकंप मे लगभग 9 हजार सं बेसी लोकक मृत्यु भेल छल। एहन तुलना मानव जीवनक क्षति कें छोट नहि करैछ, बल्कि नीति-निर्माण लेल वास्तविक खतरा बुझय मे सहायता करैत अछि।

## एकांगी विश्लेषण उचित नहि

ई सभ जलवायु परिवर्तनक कारण अछि अथवा ई सभ सरकारी लापरवाहीक परिणाम अछि-एहन एकमात्र कारण बतायब प्रायः वास्तविकता कें सरल बना दैत अछि। नेपालक विपत्ति बहुआयामी अछि। भौगर्भिक स्थिति, जलवायु परिवर्तन, आर्थिक-सामाजिक अवस्था, मानवीय गतिविधि आ स्थानीय परिस्थिति-सभ एक-दोसरा सं जुड़ल अछि। मात्र बांध, मजबूत तटबंध अथवा पूर्वसूचना-व्यवस्था मे सं कोनो एकटा उपाय पूर्ण समाधान नहि भए सकैत अछि।

# भारत-चीन संबंधक नव दिशा

हर्ष वी. पंत

बीतल किछु दिन पहिने बीजिंग मे राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल आ चीनी विदेश मंत्री वांग यी केर बीच विशेष प्रतिनिधि स्तरक 25म दौरक वार्ता संपन्न भेल। सीमा संबंधी मुद्दा सभ पर केंद्रित एहि बैठक कें दुनू देशक तन्नुक द्विपक्षीय संबंध कें सम्हारबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण आ नापल-तौलल डेग कहल जा सकैत अछि। वस्तुतः ई वार्ता अक्टूबर 2024 मे वास्तविक नियंत्रण रेखा यानी एलएसी पर टकरावबला बिंदु सभ सं सुरक्षा बलसभकें पाछां हटेबाक सहमति आ तकर बाद प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी तथा राष्ट्रपति शी चिनफिंग केर बीच भेल सहमतिक आधार पर आगू बढ़ल अछि। हालक वार्ताक वास्तविक महत्व सीमा संबंधी मुद्दा पर कोनो पैघ अथवा अप्रत्याशित उपलब्धि मे नहि, बल्कि एहन स्थायी तंत्र स्थापित करबाक प्रयास मे निहित अछि, जाहि सं भविष्य मे कोनो संभावित टकराव कें टारल जा सकय आ द्विपक्षीय राजनीतिक तथा आर्थिक संबंध कें क्रमशः पुनः स्थापित कएल जा सकय। एहि संदर्भ मे आठ-सूत्रीय संयुक्त सहमति सेहो संकेत करैत अछि जे दुनू देश मात्र तात्कालिक सैन्य तनावक समाधान सं आगू बढ़ि कए द्विपक्षीय संबंध कें व्यापक स्थिरता प्रदान करयबला औपचारिक आ दीर्घकालिक तंत्र बनेबाक दिशा मे आगू बढ़ैत देखाइत अछि। एहि बैठकक सभ सं महत्वपूर्ण निष्कर्ष संयुक्त विशेषज्ञ समूह आ समन्वय तथा परामर्श लेल कार्यकारी ढांचा अर्थात डब्ल्यूएमसीसीक अंतर्गत सीमा-प्रबंधन कार्य समूह कें सीमांकन तथा प्रबंधनक मोर्चा पर शीघ्र आ ठोस प्रगतिक लक्ष्य देब अछि। एहि शब्दावलीक विशेष महत्व अछि। ई एहि वास्तविकताके रेखांकित करैत अछि जे सीमा विवादक पूर्ण समाधान एखन कठिन भले हो, मुदा वार्ता ओहि क्रमिक समझौता सभक आधार अवश्य तैयार करैत अछि, जाहि सं सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे अनिश्चितता आ तनाव कम कएल जा सकय। एहि क्रम मे दुनू सेनाक बीच सीधा संपर्कक तंत्र सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। वरिष्ठ सैन्य कमांडर सभक बीच संवाद लेल दूटा नव बैठक स्थल बनय आ पूर्वी तथा मध्य क्षेत्र मे दूटा नव हॉटलाइन स्थापित करबाक सहमति भेल अछि। असीमांकित एलएसीक कोनो एहन मोर्चा पर, जतय स्थानीय झड़पक पैघ रूप लेबाक आशंका हो, एहन तंत्र तनाव कें कम करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। वर्ष 2005 केर राजनीतिक मानदंड आ मार्गदर्शक सिद्धांतबला समझौताक पुष्टि सेहो कम महत्वपूर्ण नहि अछि। न्यायसंगत, तर्कसंगत आ परस्पर स्वीकार्य समाधानक प्रति अपन प्रतिबद्धता कें दोहराबैत दुनू देश सीमा संबंधी मुद्दाक अंतिम समाधान लेल राजनीतिक तंत्र कें कायम रखने अछि। तथापि एहि मोर्चा पर कोनो ठोस प्रगति लेल एखन बहुत लंबा बाट तय करबाक आवश्यकता अछि। खैर, वार्ता सं ई सेहो स्पष्ट होइत अछि जे भारत आ चीन दुनू



संभवतः ई बुझय लागल अछि जे सीमा विवादक छाया कें संपूर्ण संबंध पर हावी होमय देब नोकसान अछि। एहि क्रम मे कैलाश मानसरोवर यात्राक पुनः आरंभ आ चिन्हित दर्रा सभ सं सीमावर्ती व्यापार फेर शुरू करबाक सहमति वास्तव मे लोकसभक बीच संपर्क आ व्यापारिक संबंध कें धीरे-धीरे पुनः पटरी पर अनबाक तैयारी अछि। ताहि संग साझा नदी सभ पर विशेषज्ञ समूहक बैठक करबाक निर्णय ई स्पष्ट करैत अछि जे रणनीतिक मतभेदक बीच सेहो दुनू पक्ष ओहि मुद्दा सभ पर संवाद पुनः आरंभ करबाक इच्छुक अछि, जतय परस्पर हित जुड़ल अछि। आब भारत 26म दौरक वार्ताक मेजबानी करत, जाहि मे एहि सक्रियता कें संस्थागत आधार आओर मजबूत होमयक आशा अछि। चीन मे भेल वार्ताक रुझान ई देखबैत अछि जे कोनो तात्कालिक संकट कें टारबाक अपेक्षा स्थिरता आ दीर्घकालिक टिकाउपन पर बेसी जोर देल जा रहल अछि। दुनू देशक प्रतिस्पर्धी नहि, बल्कि साझेदार होमय पर जोर देब तल्ख रणनीतिक शब्दावली कें नरम करबाक आ कूटनीतिक जुड़ाव लेल अनुकूल वातावरण बनेबाक प्रयास बेसी प्रतीत होइत अछि। मुदा अतीतक अनुभव कें देखैत एहि प्रयास सभ कें द्विपक्षीय संबंधक मूल स्वरूप मे कोनो आमूल-चूल परिवर्तनक रूप मे नहि देखल जा सकैत अछि। तथापि किछु बिंदु महत्वपूर्ण अछि। उदाहरण लेल, दुनू सेनाक बीच नव संवाद-व्यवस्था सं स्थानीय झड़प सभक पैघ टकराव मे बदलवाक खतरा कम होयत। एहि लेल परस्पर विश्वास आ नियमित संवाद आवश्यक होयत। शीघ्र प्रगतिक दृष्टिकोण जमीनी वास्तविकता कें दशार्बैत अछि जे सीमा विवादक पूर्ण समाधान तुरंत संभव नहि अछि। तें क्रमिक समझौता सभक माध्यमे टकराव कम करबाक आ विश्वास कायम करबाक आशा कएल जा सकैत अछि। दोसर दिस, कैलाश मानसरोवर यात्रा आ सीमावर्ती व्यापारक धीरे-धीरे पुनः खुलब सेहो ई रेखांकित करैत अछि जे दुनू देश संबंध कें अलग-अलग क्षेत्र मे बांटि कए आगू बढ़बाक रणनीति अपना रहल अछि, जाहि सं पैघ रणनीतिक विवादक बादो चुनल क्षेत्र सभ मे सहयोग जारी राखल जा सकय। भारत आ चीनक बीच भेल एहि सहमतिक समय सेहो महत्वपूर्ण अछि। ई द्विपक्षीय स्तर पर किछु कूटनीतिक स्थिरता प्रदान करैत अछि, विशेष रूप सं ओहि समय मे जखन दुनू देश शंघाई सहयोग संगठन अर्थात एससीओ आ ब्रिक्स सन मंच सभ पर अपन सक्रियता बढ़ा रहल अछि। तथापि हालक वार्ता कें कोनो पैघ रणनीतिक परिवर्तन मानबाक बदला तनाव कम करबाक एकटा प्रयास मात्र बुझब उचित होयत। एकर कारण ई अछि जे दुनू देशक बीच अविश्वासक जड़ि बहुत गहींर अछि। एलएसी पर आधारभूत संरचनाक निर्माण, हिमालयी सीमाक्षेत्र मे सैन्य शक्तिक संतुलन, बढ़ैत व्यापार घाटा आ क्षेत्रीय प्रभुत्वक होड़ सन पक्ष आगू सेहो भारतीय

वरिष्ठ सैन्य कमांडर सभक बीच संवाद लेल दूटा नव बैठक स्थल बनय आ पूर्वी तथा मध्य क्षेत्र मे दूटा नव हॉटलाइन स्थापित करबाक सहमति भेल अछि। असीमांकित एलएसीक कोनो एहन मोर्चा पर, जतय स्थानीय झड़पक पैघ रूप लेबाक आशंका हो, एहन तंत्र तनाव कें कम करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। वर्ष 2005 केर राजनीतिक मानदंड आ मार्गदर्शक सिद्धांतबला समझौताक पुष्टि सेहो कम महत्वपूर्ण नहि अछि। न्यायसंगत, तर्कसंगत आ परस्पर स्वीकार्य समाधानक प्रति अपन प्रतिबद्धता कें दोहराबैत दुनू देश सीमा संबंधी मुद्दाक अंतिम समाधान लेल राजनीतिक तंत्र कें कायम रखने अछि। तथापि एहि मोर्चा पर कोनो ठोस प्रगति लेल एखन बहुत लंबा बाट तय करबाक आवश्यकता अछि। खैर, वार्ता सं ई सेहो स्पष्ट होइत अछि जे भारत आ चीन दुनू संभवतः ई बुझय लागल अछि जे सीमा विवादक छाया कें संपूर्ण संबंध पर हावी होमय देब नोकसान अछि। एहि क्रम मे कैलाश मानसरोवर यात्राक पुनः आरंभ आ चिन्हित दर्रा सभ सं सीमावर्ती व्यापार फेर शुरू करबाक सहमति वास्तव मे लोकसभक बीच संपर्क आ व्यापारिक संबंध कें धीरे-धीरे पुनः पटरी पर अनबाक तैयारी अछि। ताहि संग साझा नदी सभ पर विशेषज्ञ समूहक बैठक करबाक निर्णय ई स्पष्ट करैत अछि जे रणनीतिक मतभेदक बीच सेहो दुनू पक्ष ओहि मुद्दा सभ पर संवाद पुनः आरंभ करबाक इच्छुक अछि, जतय परस्पर हित जुड़ल अछि। आब भारत 26म दौरक वार्ताक मेजबानी करत, जाहि मे एहि सक्रियता कें संस्थागत आधार आओर मजबूत होमयक आशा अछि। चीन मे भेल वार्ताक रुझान ई देखबैत अछि जे कोनो तात्कालिक संकट कें टारबाक अपेक्षा स्थिरता आ दीर्घकालिक टिकाउपन पर बेसी जोर देल जा रहल अछि। दुनू देशक प्रतिस्पर्धी नहि, बल्कि साझेदार होमय पर जोर देब तल्ख रणनीतिक शब्दावली कें नरम करबाक आ कूटनीतिक जुड़ाव लेल अनुकूल वातावरण बनेबाक प्रयास बेसी प्रतीत होइत अछि। मुदा अतीतक अनुभव कें देखैत एहि प्रयास सभ कें द्विपक्षीय संबंधक मूल स्वरूप मे कोनो आमूल-चूल परिवर्तनक रूप मे नहि देखल जा सकैत अछि। तथापि किछु बिंदु महत्वपूर्ण अछि।

नीतिक दिशा निर्धारित करत। स्पष्ट अछि जे भारत कूटनीतिक आशाक फेर मे पड़ि अपन रणनीतिक सतर्कता आ तैयारी मे कोनो ढिलाइ नहि करत। कुल मिला कए 25म दौरक एहि वार्ताक सार इएह अछि जे भारत आ चीनक संबंध 2020 सं पहिनुक स्थिति मे वापस नहि जा रहल अछि, बल्कि आब नियंत्रित प्रतिस्पर्धाक नव दौर मे प्रवेश कए चुकल अछि। एकर उद्देश्य दुनू देशक मूलभूत सामरिक प्रतिस्पर्धाक रेखा कें एकाएक मेटेनाइ नहि, बल्कि एक प्रकारें ओकरा धुंधला कए नव सैन्य टकराव मे परिणत होमय सं रोकब अछि।



## बाढ़ि सभ किछु उजाड़ि देलक आब घर आ भोजन दुनूक संकट

# रहबाक लेल घर नहि, सुतबाक लेल छत नहि, चारू दिस मात्र तबाही

नेपाल मे आएल भीषण प्राकृतिक आपदाक बाद जे तस्वीर सभ सामने आएल अछि, ओ बेहद मार्मिक अछि। एहि तस्वीर सभ कें देखि सहजहि अनुमान लगाओल जा सकैत अछि जे कुदरतक एहि तबाहीक बाद ओतयक स्थिति केहन अछि। जतय धरि नजरि जाइत अछि, ततय टूटल मकान, बिखरल सामान आ सड़क पर रहबाक लेल विवश लोक नजरि अबैत छथि। एहि बाढ़ि मे ककरो अपन बेटा गुम भेल, तं ककरो पति। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पैघ संख्या मे लोक एखन धरि लापता छथि। बाढ़ि जे तबाही मचाबय बला छल, से मचा गेल। मुदा आब स्थिति ई अछि जे लोकनिक लग ने रहबाक लेल घर बचल अछि आ ने सुतबाक लेल कोनो ठाम। जखन घरहि नहि रहल तं भोजन बनेबाक सवाल सेहो नहि उठैत अछि। लोक कोनो तरहे अपन जीवन चला रहल छथि।

### स्कूल जेबाक उम्र मे बच्चा सभक आगू नव संघर्ष

स्कूल जाएबाक उम्रक बच्चा सभ आब एकटा नव संघर्ष सं जूझि रहल छथि। हुनकर सभ किछु उजड़ि गेल अछि। आब ओ सभ फेर एकटा नव जिनगीक शुरूआत करताह। मुदा ई निश्चित नहि अछि जे हुनकर जिनगी पहिने जकां नीक आ सुखमय भए सकत वा नहि।

### जीवन भरिक कमाइ सं बनल घर एक झटका मे भेल तबाह

जाहि मकान कें बनेबाक लेल लोक अपन जीवन भरिक गाढ़ कमाइ खर्च केने होयताह, ओ मकान बाढ़िक एकटा झटका मे तबाह भए गेल। जाहि ठाम पहिने सड़क छल आ गाड़ी सभ तेज गति सं चलैत छल, ओतय आब कीचड़ सं भरल धरती आ गहिर खद्धा देखाइ दैत अछि। एहि ठाम फेर सं जनजीवन कें गति देबय मे शायद कतेको वर्ष लागि सकैत अछि। एहि मकान सभ कें बनेबाक लेल लोक अपन पूरा जीवनक कमाइ खर्च केने होयताह। मुदा आब हुनका सभ कें फेर एकटा नव जिनगी शुरू करैत अपन सपनाक घर बनयबाक संघर्ष करय पड़त।

### नेपाल मे छठम दिन धरि जारी अछि बचाव अभियान

जाहि तबाहीक कल्पना करब सेहो कठिन अछि, आइ नेपाल ओहने स्थिति सं जूझि रहल अछि। सभ किछु पहिने जकां सामान्य होमय मे शायद कतेको वर्षक समय लागि सकैत अछि।

फिलहाल नेपाल मे आपदाक छठम दिन बचावकर्मी लापता लोकनिक खोज आ फंसल लोक कें सुरक्षित निकालबाक प्रयास मे जुटल छथि।

### बचावकर्मी सभक आगू उपकरणक कमी पैघ चुनौती

नेपाल मे अनचोके आएल भयावह बाढ़िक बाद बचाव काज आ शव निकालबाक लेल अपन जान खतरा मे



डालि कए काज कएनिहार सुरक्षाकर्मी सभ कें विशेष उपकरण, बॉडी बैग, रस्सी आ हेलीकॉप्टरक कमी सं कठिन चुनौतीक सामना करय पड़ि रहल अछि। एहि बाढ़ि भोटेकोशी नदीक कातक क्षेत्र मे पैघ तबाही मचौलक। मकान, सड़क आ पुल नष्ट भए गेल, जखनकि पनबिजली परियोजना सभ कें सेहो नोकसान पहुंचल अछि।

### संकट मे भारत नेपालक संग ठाढ़

नेपालक एहि कठिन घड़ी मे भारत सदिखनक भांति एक बेर फेर अपन पड़ोसी देशक संग ठाढ़ अछि। राशन, दवाइ आ जरूरी सामान सं लए कए हर स्तर पर भारत अपन पड़ोसी मित्रक सहायता कए रहल अछि। भारत नेपाल मे बचाव काज आ पीड़ित सभक पहचान मे सहायता लेल विशेष टीम तैनात केने अछि।

### डीएनए सं शव सभक पहचान मे जुटल भारतीय टीम

शव सभक पहचान लेल डीएनए नमूनाक विश्लेषण मे तेजी अनबाक उद्देश्य सं रवि दिन काठमांडू मे 19 सदस्यीय भारतीय फॉरेंसिक टीम काज शुरू कए देलक। ओतहि चिलि मे आ लांगटांग मे पनबिजली परियोजना बला स्थल पर भारतीय सुरंग बचाव दल अपन बचाव काज जारी रखने अछि।

### बाजारक जगह आब मात्र मलबा

जाहि ठाम पहिने बाजार होइत छल, ओतय आब चारू दिस मात्र मलबा देखाइ दैत अछि। नदीक कात बनल घर बाढ़ि मे तिनका जकां बहि गेल। फिलहाल प्रशासन आ स्थानीय लोक मिलि सड़क ठीक करबाक सं लए कए मलबा हटेबा धरि काज मे जुटल छथि। नेपाल मे आपदाक छठम दिनक बादो जनजीवन पूरी तरहे तहस-नहस पड़ल अछि। प्रभावित क्षेत्र मे बेसीतर लोकनिक मकान टूटि गेल अछि। बेघर लोक आसपासक मंदिर आ जे ठाम रहबाक योग्य अछि, ओतय शरण लए रहल छथि।

### पुल, सड़क आ जलविद्युत परियोजना सभ कें भारी नोकसान

नेपाल मे आएल एहि भीषण प्राकृतिक आपदा सं पैघ स्तर पर तबाही भेल अछि। तेज बहावक संग आएल मलबा, पत्थर, गाछ आ पानि अपन बाट मे पड़य बला कतेको भवन कें बहा लए गेल। आर्थिक रूप सं नेपालक आगू लगभग ओहने चुनौती फेर ठाढ़ भए गेल अछि, जाहि सं 2015 मे आएल विनाशकारी भूकंपक समय देश कें सामना करय पड़ल छल। बाढ़ि सीमावर्ती क्षेत्रक शहर सभ कें तबाह कए देलक, पुल आ सड़क कें अपन संग बहा लए गेल आ प्रमुख जलविद्युत केंद्र सभ कें नोकसान पहुंचौलक।

### पर्यटन आ जलविद्युत पर निर्भर अर्थव्यवस्था पर पैघ असरि

पर्यटन आ जलविद्युत पर निर्भर नेपालक अर्थव्यवस्थाक लेल ई आपदा कतेको स्तर पर विनाशकारी साबित भेल अछि। बुनियादी ढांचा सं लए कए घर-परिवार धरि, बाढ़िक असर व्यापक रूप सं देखल जा रहल अछि। जाहि सड़क पर पहिने वाहन तेज गति सं दौड़ैत छल, ओतय आब कोनो तरहे गाड़ी पहुंचि पबैत अछि। सड़कक बहुत पैघ हिस्सा मलबा, कीचड़ आ खद्धा मे बदलि गेल अछि। एहि सड़क आ क्षेत्र कें फेर सं पहिल जकां बनय मे लंबा समय लागि सकैत अछि।




























12 सितंबर कें आयोजित होमय बला राष्ट्रीय लोक अदालतक सफलता सुनिश्चित करबाक लेल मंगल दिन प्रचार वाहन विदा कएल गेल।

सिविल कोर्ट शेखपुराक प्रधान जिला जज संतोष कुमार तिवारी न्यायालय परिसर सं एहि वाहन कें हरियर झंडी देखाकए विदा कएलनि। एहि अवसर पर न्यायिक अधिकारी, कर्मचारी आ अधिवक्तागण उपस्थित छलाह।

ई प्रचार वाहन जिलाक सभ शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे लोक कें राष्ट्रीय लोक अदालत मे शामिल होमय लेल आमंत्रित करत।

### लगातार बैठक आयोजित कएल जा रहल

एकर उद्देश्य लोक कें सौहार्दपूर्ण वातावरण मे अपन विवादक समाधान करबाक लेल प्रेरित करब अछि।

राष्ट्रीय लोक अदालत मे न्यायालय मे लंबित सभ मामिला, बैंक ऋण सं संबंधित मामिला, परिवहन विभागक यातायात चालान सं संबंधित मामिला, श्रम, बिजली आ खनन विभाग सं जुड़ल मामिलाक निपटारा कएल जाएत। राष्ट्रीय लोक अदालतक सफलता सुनिश्चित करबाक लेल जिला विधिक सेवा प्राधिकरण द्वारा लगातार बैठक आयोजित कएल जा रहल अछि।

एकर अतिरिक्त, न्यायालय मे लंबित मामिलाक निपटारा लेल पक्षकार सभ कें नोटिस जारी करबाक काज सेहो जारी अछि।

न्यायालय परिसर स्थित न्याय वाटिका लग आयोजित विशेष समारोह मे न्यायिक पदाधिकारी नीरज किशोर, सतीश कुमार झा, विभा रानी, रोहित कुमार, जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव सब जज सुशील प्रसाद, जिला विधिज्ञ संघक अध्यक्ष चंद्र मौली यादव, महासचिव विनोद कुमार सिंह, उपाध्यक्ष वीरेंद्र कुमार, कोषाध्यक्ष शकील अहमद, अधिवक्ता राजेंद्र राज, कुणाल मेहता आ दिनेश कुमार सिन्हा सेहो मौजूद छलाह।

# कैमूर मे सड़क मरम्मतिक काज शुरू

## डीएम स्थायी निर्माण लेल पठौलनि प्रस्ताव



**कैमूर, समदिया**

कैमूर जिलाक चांद प्रखंडक खरांटी गाम मे सड़क निर्माणक बहुत दिन सं लंबित मांग पर जिला प्रशासन कारबाइ केने अछि। ग्रामीण सभ हालहि मे जिलाधिकारी सं भेंट कए अपन समस्या बतौने छलाह आ ज्ञापन सेहो सौंपने छलाह।

### तत्काल राहति लेल सड़क मरम्मतिक काज शुरू

ग्रामीण सभक शिकायतक बाद जिलाधिकारीक निर्देश पर प्रखंड विकास अधिकारी आ ग्रामीण काज विभागक अभियंता सभक संयुक्त टीम तत्काल स्थल निरीक्षण आ तकनीकी सर्वेक्षण कएलक। दैनिक आवागमन मे ग्रामीण सभ कें भए रहल परेशानी कें देखैत प्रशासन तत्काल राहति लेल सड़क मरम्मतिक काज शुरू करा देने अछि। एहि सं फिलहाल यातायात सुगम भए सकत।

स्थायी समाधान लेल 2 किलोमीटर लंबाइ बला सड़कक तकनीकी सर्वेक्षण सेहो पूरा कएल जा चुकल अछि।

### परियोजना कें शीघ्र स्वीकृति देबाक अनुरोध

ई सड़क ह्यन्यू टर्निंग प्वाइंटह्व सं ह्यमरेरिया टोलाह्व धरि बासा महदैच सं खरांटी रोड होइत बनत, जाहिक हैबिटेशन सर्वे आईडी 109587 अछि।

कैमूरक जिलाधिकारी एहि योजनाक प्रशासनिक स्वीकृति आ निर्माण लेल ग्रामीण काज विभाग, बिहार सरकारक सचिव कें औपचारिक अनुशंसा पत्र पठौने छथि। ओ जनहित मे एहि परियोजना कें प्राथमिकताक आधार पर शीघ्र स्वीकृति देबाक अनुरोध केने छथि। जिला प्रशासन नागरिक सभक समस्या समाधानक प्रति अपन प्रतिबद्धता फेर दोहरौने अछि।

# अमैन पंचायत मे स्वास्थ्य शिविरक आयोजन ग्रामीण महिलाक आंखिक जांच भेल

## 300 महिला के निःशुल्क चश्मा भेटल

**जहानाबाद, समदिया**

जहानाबादक अमैन पंचायत मे मंगल दिन महिलाक लेल निःशुल्क नेत्र जांच आ चश्मा वितरण शिविरक आयोजन कएल गेल। प्रगति नारी शक्ति महिला विकास स्वावलंबी सहकारी समिति लिमिटेड, प्रखंड सदर जहानाबाद द्वारा आयोजित एहि शिविर मे करीब 300 महिलाके निःशुल्क चश्मा वितरित कएल गेल। एहि शिविरक मुख्य उद्देश्य ग्रामीण क्षेत्रक जरूरतमंद महिलाक आंखक जांच करब आ हुनका नीक दृष्टि सुविधा उपलब्ध कराएब छल। संगठनक सीओ भोला प्रसाद कहलनि जे ई हुनकर 30म एहन शिविर छल।



एखन धरि जहानाबाद जिलाक ग्रामीण क्षेत्र मे 10 हजार सं बेसी महिलाके निःशुल्क चश्मा वितरित कएल जा चुकल अछि। संगठनक लक्ष्य जिलाक करीब 50 हजार जरूरतमंद महिलाधरि पहुंचि हुनका निःशुल्क चश्मा उपलब्ध कराएब अछि। एहि लक्ष्य कें पूरा करबाक लेल आगू जिलाक विभिन्न ग्रामीण क्षेत्र मे लगातार शिविर आयोजित कएल जाएत।

भोला प्रसाद कहलनि जे संगठनक मुख्य उद्देश्य महिलाके आत्मनिर्भर बनाएब अछि। एहि अंतर्गत महिलाके बकरी पालन, मुर्गी पालन, भैंस पालन, सिलाई-कढ़ाई, अचार-पापड़ निर्माण सहित विभिन्न स्वरोजगारक लेल प्रशिक्षण देल जाइत अछि। संगहि रोजगार शुरू करबाक लेल आर्थिक सहयोग आ ऋणक सुविधो उपलब्ध कराओल जाइत अछि। संगठनक संतोष कुमार कहलनि जे हुनकर लक्ष्य बेसी सं बेसी महिलाके रोजगार सं जोड़ि आत्मनिर्भर बनेनाइ अछि। ओ कहलनि जे संगठन सं जुड़ल महिलाके स्वरोजगार शुरू करबाक लेल शुरूआती दौर मे करीब 5 लाख रुपैया धरि ऋण उपलब्ध करएबाक पहल कएल जाएत।

कार्यक्रम मे पंचायतक जनप्रतिनिधि आ मुखिया प्रतिनिधि सेहो उपस्थित छलाह। हुनका सभ महिलाक हित मे कएल जा रहल एहि प्रयासक सराहना कएलनि। शिविर मे निःशुल्क चश्मा भेटलाक बाद महिलाक सभ संतोष व्यक्त कएलनि।

# पंचायत आ बूथ स्तर पर संगठन मजबूत करथि कार्यकर्ता: जदयू



**गोपालगंज, समदिया**

कर्पूरी सभागार मे जदयू कें प्रखंड कार्यकारिणी आ पंचायत अध्यक्ष सभक समीक्षा बैठक भेल। प्रखंड अध्यक्ष धर्मराज प्रसाद सिंहक अध्यक्षता मे ई बैठक भेल। जिलाध्यक्ष प्रमोद कुमार पटेल कहलनि जे कोनो राजनीतिक दलक रीढ़ ओकर संगठन आ कार्यकर्ता होइत छथि।

पार्टी कें मजबूत बनेबाक लेल पंचायत आ बूथ स्तर पर संगठन कें मजबूत आ धारदार बनायब जरूरी अछि। ओ प्रखंड कमेटीक पदाधिकारी, पंचायत अध्यक्ष सभ कें पंचायत कमेटी तथा प्रत्येक बूथ पर बूथ कमेटीक गठन शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कमेटी गठन मे क्षेत्रीय संतुलन आ सामाजिक समीकरणक सेहो ध्यान राखल जाए। विकास योजना कें आगू बढ़ेबाक लेल कार्यकर्ता सभ कें मजबूती सं काज करय पड़त।

ओ कहलनि जे नीतीश कुमारक राजनीतिक उत्तराधिकारीक रूप मे निशांत कुमार पार्टी आ बिहारक भविष्य छथि।

ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नीतीश कुमारक विकास काज कें आगू बढ़ा रहल छथि। आगामी विधान परिषद चुनाव मे सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं एनडीए समर्थित जदयू प्रत्याशी आनंद पुष्कर होयताह।

ओ कार्यकर्ता सभ सं एखनहि सं क्षेत्रक मतदाता सभ सं संपर्क अभियान शुरू करबाक आह्वान कएलनि। कहलनि जे पछिला चुनाव मे आनंद पुष्कर कम मतक भेद सं चुनाव हारि गेल छलाह। एहि बेर एनडीए समर्थित प्रत्याशी होमयक कारण हुनकर जीत लेल कार्यकर्ता सभ कें पूरा ताकत सं जुटय पड़त।

## विविध

# दिनभरि कुर्सी पर बैसल रहब हृदय लेल बनि सकैत अछि खतरा, बुझू स्वास्थ्य पर कोना पड़ैत अछि असरि

आजुक समय मे बहुत काल धरि एकहि ठाम बैसि कए काज करबाक आदत बढ़ैत जा रहल अछि। काज शुरू भेलाक बाद कतेको लोक लगातार घंटों बीति गेलाक बादो कुर्सी सं नहि उठैत छथि। बीच मे भोजन, चाय आ फोन जेना काजो प्रायः बैसल-बैसलहि भए जाइत अछि। बाहर सं देखला सं ई दिनचर्या आरामदायक लागि सकैत अछि, मुदा शरीर लेल लगातार कम सक्रिय रहब नीक बात नहि अछि। कतेको वैज्ञानिक शोध मे बहुत देर धरि बैसल रहबाक आ हृदय सं जुड़ल रोगक बीच संबंध भेटल अछि। जखन हम बहुत देर धरि बैसल रहैत छी, तं शरीर बहुत कम काज करैत अछि। पैर आ शरीरक दोसर मांसपेशी सेहो बेसी नहि चलैत अछि। एहि स्थिति मे शरीर चलला-फिरला दौरान जतबा ऊर्जा खर्च करैत अछि, ओतबा बैसल रहला पर नहि करैत अछि। जं ई आदत प्रतिदिन बनल रहय तं वजन बढ़ि सकैत अछि, रक्तचाप बढ़ि सकैत अछि



आ रक्त मे शर्करा कें नियंत्रित करब सेहो कठिन भए सकैत अछि। ई सभ बात दीर्घकाल मे हृदय रोगक खतरा बढ़ा सकैत अछि। विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ) सेहो लोक कें बहुत देर धरि बैसल रहबाक समय कम करबाक आ दिनभरि बेसी सक्रिय रहबाक सलाह देने अछि। बहुत देर धरि बैसल रहबाक आ हृदय रोगक बीच संबंध कें लए कतेको शोध भेल अछि। 2024 मे प्रकाशित एकटा शोध मे करीब 4.8 लाख लोकक आंकड़ाक विश्लेषण कएल गेल। एहि मे पता चलल जे जे लोक काजक दौरान बेसी समय बैसल रहैत छलाह, हुनका सभ मे हृदय रोग सं मृत्युक खतरा ओहि लोकनिक तुलना मे बेसी छल जे काजक दौरान कम बैसल रहैत छलाह। शोध मे ई सेहो सामने आएल जे प्रतिदिन किछु बेसी शारीरिक गतिविधि करब एहि खतरा कें कम करय मे सहायता कए सकैत अछि।

बता दी जे हृदय रोगक खतरा उमेर, वजन, रक्तचाप, मधुमेह, धूम्रपान आ खान-पान जेना कतेको बात पर निर्भर करैत अछि। समस्या तखन बेसी बढ़ि सकैत अछि, जखन बहुत देर धरि बैसल रहबाक संग चलब-फिरब सेहो बहुत कम भए जाय।

कतेको घंटा एकहि ठाम बैसल रहला सं पैरक मांसपेशी बेसी काज नहि करैत अछि। किछु लोक कें बहुत देर धरि बैसल रहलाक बाद पैर मे भारीपन, अकड़न वा हल्का सूजन महसूस भए सकैत अछि। एहि कारण काजक बीच किछु समय लेल उठब आ चलब शरीर लेल नीक मानल जाइत अछि। बेर-बेर छोट विराम लेला सं शरीर बहुत देर धरि एकहि स्थिति मे नहि रहैत अछि। बैसि कए काज करबा मे शरीर बहुत कम कैलोरी खर्च करैत अछि। जं कोनो व्यक्ति पूरा दिन बैसल रहैत छथि आ संगहि बेसी तैल मे बनल भोजन, मिठाइ वा बेसी कैलोरी बला भोजन करैत छथि, तं हुनकर वजन बढ़ि सकैत अछि। बेसी वजन भेला सं रक्तचाप आ मधुमेह जेना समस्या होएबाक खतरो बढ़ि सकैत अछि। जं कोनो व्यक्ति भोर वा सांझ मे व्यायाम करैत छथि आ दिनक बाकी पूरा समय लगातार कुर्सी पर बैसल रहैत छथि, तं ई सेहो स्वास्थ्य लेल नुकसानदायक भए सकैत अछि। शोध मे ई बात सामने आएल अछि जे प्रतिदिन व्यायामक संग दिनभरि छोट-छोट शारीरिक गतिविधि करब सेहो जरूरी अछि।

# नीक हृदय स्वास्थ्य आ मांसपेशीक मजबूती लेल डी3, डी2 सं बेसी प्रभावी: एनआईएनक अध्ययन

हृदयक सुरक्षा आ मांसपेशक मजबूती लेल सभ विटामिन डी पूरक समान प्रभावी नहि होइत अछि। गलत प्रकारक पूरकक चयन स्वास्थ्य लाभ कें कम कए सकैत अछि। हैदराबाद स्थित राष्ट्रीय पोषण संस्थान (एनआईएन)क नव अध्ययन मे कहल गेल अछि जे हृदय आ मांसपेशक स्वास्थ्यक लेल विटामिन डी3, डी2 सं बेसी प्रभावी अछि। ई शरीर मे विटामिन डी स्तर बढ़ेबाक मामिला मे डी2 सं करीब दूगुना प्रभावी अछि। ई अध्ययन ह्यमॉलिक्यूलर न्यूट्रिशन एंड फूड रिसर्चह्व मे प्रकाशित भेल अछि। बहुत लोक मानैत छथि जे धूपक विटामिनक दैनिक मात्रा पूरा करब सरल अछि आ कोनो भी विटामिन डी पूरक लेल पर्याप्त होयत। मुदा हृदय स्वास्थ्य आ मांसपेशक विकास मे सुधारक लेल डी2क अपेक्षा डी3 पर बेसी ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। एनआईएनक नव अध्ययन एहि दिस संकेत करैत अछि।

वर्षों सं एकटा आम धारणा रहल अछि जे डी2 आ डी3 एक-दोसराक स्थान पर समान रूप सं उपयोग कएल जा सकैत अछि। लोक मानैत छथि जे भोर मे बाहर टहलि कए वा गोलीक माध्यम सं विटामिन डी लेल जाए, दुनू समान रूप सं लाभदायक होयत।




मुदा एनआईएनक एहि व्यापक अध्ययन मे शरीरक संरचना, मांसपेशक शक्ति, रक्तक संकेतक, कैल्शियमक स्थिति आ हृदय तथा मांसपेशक ऊतकक सूक्ष्म संरचनाक मूल्यांकन कएल गेल। अध्ययनक परिणाम दुनू प्रकारक विटामिन डी मे स्पष्ट भेद देखबैत अछि। अध्ययनक निष्कर्ष मे स्वास्थ्यक कतेको मापदंड पर डी3क अलग आ बेसी लाभ सामने आएल अछि। गाछ वा फंगस सं प्राप्त डी2क तुलना मे डी3 रक्त मे विटामिन डी स्तर बढ़ेबाक मामिला मे करीब दूगुना प्रभावी रहल। एकर अतिरिक्त, डी3 मांसपेशी आ हृदयक संरचना तथा चयापचय कें सक्रिय रूप सं नीक बनेबाक क्षमता सेहो देखौलक। अध्ययन सं एकटा बहुत महत्वपूर्ण बात सामने आएल अछि जे विटामिन डी2 आ डी3 एक-दोसराक संग कोना प्रतिक्रिया करैत अछि। अध्ययनक अनुसार, डी2 आ डी3 कें एक संग लेला सं डी3क संभावित लाभ आ प्रभावशीलता कम भए सकैत अछि। मिश्रित पूरक लेब वा बिना स्पष्ट जानकारीक डी2 आ डी3क रूप बदलि-बदलि कए उपयोग करब, एकल रूप मे लेल जाएबला डी3क प्रभावी लाभ कें कम कए सकैत अछि।

पोषण संबंधी सेवन कें नीक बनेबाक इच्छा रखनिहार लोक लेल एहि अध्ययन सं स्पष्ट दिशा भेटैत अछि। पूरकक लेबल जांचि कए शुद्ध विटामिन डी3क चयन करब उपयोगी भए सकैत अछि। सभ विटामिन विकल्प कें समान मानबाक बदला डी3क चयन हृदय स्वास्थ्य आ मांसपेशक विकास लेल महत्वपूर्ण भेद पैदा कए सकैत अछि।

# नेपालक सुरंग मे फंसल लोक कें बचेबाक अभियान खतरनाक किएक अछि?




**काठमांडू, समदिया**

नेपाल मे बीतल बुधदिन अनचोके आएल बाढ़ि सं प्रभावित 11टा जलविद्युत परियोजनाक 900 सं बेसी कर्मचारी लापता छथि। हालांकि, एखन धरि ई स्पष्ट नहि भए सकल अछि जे एहि परियोजना सभक सुरंगक भीतर वास्तव मे कतेक लोक फंसल छथि। नेपाली सेनाक प्रवक्ता राजाराम बसनेत कहलनि जे सोमदिन सांझ धरि रसुवागढ़ी, लाङटाङ, चिलि, अपर त्रिशूली-3ए आ अपर त्रिशूली-3बी मे उद्धार अभियान चलि रहल छल। भारत आ चीनक विशेषज्ञ सभक सहयोग सं सेहो उद्धारक प्रयास जारी अछि आ फिलहाल अभियानक केंद्र एहि सुरंग सभ पर राखल गेल अछि। मुदा अधिकारी आ विशेषज्ञ सभ जलविद्युत परियोजनाक सुरंगक भीतरक कठिन परिस्थिति आ खतराक संबंध मे जानकारी देलनि अछि।

**सुरंगक आवश्यकता आ खतरा :** जलविद्युत परियोजना मे बनाओल जायबला सुरंगक मुख्य उद्देश्य नदीक पानि कें विद्युत उत्पादन केंद्र धरि पहुंचेनाइ होइत अछि। सामान्यतः विद्युत उत्पादन केंद्र पहाड़क दोसर दिस स्थित होइत अछि। रॉक एंड टनल अभियंता बिप्लव घिमिरे बतौलनि जे हाइड्रोलिक टनल मे सदिखन खतरा बनल रहैत अछि, कारण ई सुरंग सभ नदीक लग बनाओल जाइत अछि। घिमिरे कहलनि जे ई सुरंग सभ पहाड़ काटि कए बनाओल जाइत अछि। एकर प्रवेश आ निकास द्वार नदीक ठीक कात मे होइत अछि। एखनुक समस्या ई अछि जे बाढ़िक बाद सुरंगक भीतर कादो प्रवेश कए गेल अछि। अपर त्रिशूली-3ए सं जुड़ल यांत्रिक अभियंता क्षितिज कोइराला कहलनि जे सुरंगक भीतरक वास्तविक स्थिति एखनहुं स्पष्ट नहि अछि, मुदा जलविद्युत सुरंगक संरचनाक विशेषता कें देखैत उद्धारक आशा एखनहुं बनल अछि।

**कतय की भए रहल अछि? :** नेपाली सेनाक प्रवक्ता राजाराम बसनेतक अनुसार, रसुवागढ़ी जलविद्युत परियोजना मे सुरंगक बंद भाग करीब 250 मीटर भीतर गेलाक बाद भेटल, मुदा ओतय एखन धरि कियो नहि भेटल अछि। प्रवक्ता बसनेत कहलनि जे लाङटाङ मे करीब 65 मीटर भीतर गेलाक बाद पैघ-पैघ पाथर भेटल अछि। विदेशी दल सेनाक संग चिलि मे आ अपर त्रिशूली क्षेत्र मे काज कए रहल अछि, मुदा एखन धरि कोनो सफलता नहि भेटल अछि। पूरा सुरंग कें खोलबाक प्रयास भए रहल अछि। सेना प्रवक्ताक अनुसार, अपर त्रिशूली-3बी मे सुरंगक मुहाना खोजबाक काज चलि रहल अछि। ओतहि अपर त्रिशूली-3ए परियोजनाक सुरंगक भीतर जमा पानि पंपक माध्यम सं बाहर निकालबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। नेपाल विद्युत प्राधिकरण हेलीकॉप्टरक माध्यम सं आवश्यक सामग्री पठा रहल अछि। मुदा अधिकारी सभक कहब अछि जे पहिनहि सं कठिन परिस्थिति मे काज करब अत्यंत चुनौतीपूर्ण भए गेल अछि। सुरंग अभियंता बिप्लव घिमिरे कहलनि जे ई नहि जे भीतर लोकसभक रहबाक लेल स्थान नहि अछि। पावर हाउसक कक्ष, कार्यालय आ संवादक लेल वॉकी-टॉकी सेहो उपलब्ध रहैत अछि। मुदा ओहि समय संबंधित परियोजनाक दिस सं कोन व्यवस्था कएल गेल छल, ई परियोजना-दर-परियोजना अलग भए सकैत अछि।

**नेपाल मे सुरंगक जाल :** विशेषज्ञ सभक अनुसार नेपाल मे सामान्यतः विस्फोटकक उपयोग सं ड्रिल एंड ब्लास्ट पद्धति द्वारा सुरंग बनाओल जाइत अछि। देशक जलविद्युत परियोजना सभ मे 100 मीटर सं लए कए करीब नौ किलोमीटर धरि लंबा सुरंग अछि। एकर अतिरिक्त, सुनकोशी-मरिन सिंचाइ परियोजनाक डायवर्जन सुरंग करीब 13 किलोमीटर लंबा अछि, जखन कि मेलम्ची पेयजल परियोजनाक सुरंग करीब 26 किलोमीटर लंबा अछि। काठमांडू कें जोड़यवाली राजमार्गक नागढुंगा सुरंग 2.69 किलोमीटर लंबी अछि, जखन कि सिद्धबाबा सुरंग करीब 1.1 किलोमीटर लंबी अछि। एहि सुरंग सभ मे बाढ़िक पानि, कादो, पाथर, कंक्रीट संरचना आ जमा पानि उद्धार अभियान कें अत्यंत खतरनाक बना रहल अछि। भीतर फंसल लोकसभक वास्तविक स्थिति अज्ञात होयबाक कारण उद्धार दल कें एक-एक डेग अत्यंत सावधानी सं बढ़बय पड़ि रहल अछि।

## अपर त्रिशूली-3ए : एकटा परियोजना जे बहुत किछु बतबैत अछि

अपर त्रिशूली-3एक मुख्य सुरंग, जतय एखन उद्धार अभियान चलि रहल अछि, धरातल सं करीब 15 मीटर नीचा अछि। अधिकारी सभक अनुसार परियोजनाक पावरहाउस धरि पहुंचबाक लेल भूमिगत सुरंगक उपयोग करय पड़त। एकर मुख्य सुरंग करीब 170 मीटर लंबा अछि। उद्धार अभियानक आरंभ मे उद्धारकर्मी सभ एकटा केबल टनल कें चिन्हित कएलनि। हुनकर अनुमान छल जे पावरहाउस धरि पहुंचबाक ई सभ सं नजदीकी बाट भए सकैत अछि। मुदा ई छोट सुरंग सेहो आब पाथर आ माटिक ढेर सं अवरुद्ध अछि आ धरातल सं करीब 10 सं 11 मीटर नीचा बताओल जा रहल अछि। त्रिशूली-3ए परियोजनाक केंद्रीय कार्यालय मे कार्यरत यांत्रिक अभियंता क्षितिज कोइराला कहलनि जे उद्धारक लेल खुदाइक काज सहज नहि छल। एहि काज मे स्थानीय श्रमिक सभक सहयोग लेल गेल, कारण नेपाल लग उपलब्ध हेलीकॉप्टर सभ खुदाईक भारी मशीन नहि उठा सकैत अछि।



एकटा हेलीकॉप्टर अधिकतम करीब तीन टन भार उठा सकैत अछि। कोइराला कहलनि जे धन्ना दिस तीनटा खुदाई मशीन पहुंचाओल गेल अछि, जाहि सं सुरंगक मुहाना धरि पहुंचबाक बाट तैयार कएल जा रहल अछि। एल आकार मे सुरंग धरि पहुंचब बहुत लंबा बाट होइत, ताहि लेल बीच मे छेद कए कए छोट बाट बनाओल गेल अछि। एहि छेदक माध्यम सं भीतर ऑक्सीजन सेहो पठाओल गेल अछि। उद्धारकर्मी सभ सुरंगक ऊपरी हिस्सा, जाहि कें क्राउन कहल जाइत अछि, कें विस्फोटकक माध्यम सं हटौलनि अछि। मुदा भीतर एखनहुं कंक्रीटक बीम आ लोहाक छड़ अछि, जकरा तोड़ब पैघ चुनौती बनल अछि। कोइरालाक अनुसार सुरंगक भीतर पानि जमा भए रहल अछि, जे पंपक माध्यम सं बाहर निकालब आवश्यक अछि। हुनकर अनुमान अछि जे भीतर 35 सं 40 लोक फंसल भए सकैत छथि। कोइराला कहलनि जे आशंका अछि जे सभ लोक ग्राउंड फ्लोर पर होथि, कारण भीतर रखरखावक काज चलि रहल छल। हम एहि आशा मे काज कए रहल छी जे माटिक बहाव सुरंगक मुहाना धरि नहि पहुंचल होय अथवा बीच मे कतहु रुकि गेल होय।

# एससीओ ग्रुप फोटोक बाद चलि गेलाह पुतिन तेजी सं पहुंचलाह शहबाज आ पकड़ि लेलनि हाथ

**नई दिल्ली, एजेंसी**



शंघाई सहयोग संगठन (एससीओ) शिखर सम्मेलनक दौरान पाकिस्तानक प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ आ रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक बीच संवादक एकटा वीडियो सोशल मीडिया पर तेजी सं वायरल भए रहल अछि। किर्गिस्तानक राजधानी बिश्केक मे आयोजित सम्मेलनक दौरान सदस्य देशक नेता सभ ग्रुप फोटो लेल एकठाम जमा भेल छलाह। फोटो खिचलाक बाद ई घटना भेल। फोटो सेशन समाप्त भेलाक बाद राष्ट्रपति पुतिन मंच सं आगू बढ़य लगलाह। ओहि समय शहबाज शरीफ तेजी सं हुनका दिस बढ़लाह आ रूसी राष्ट्रपतिक हाथ पकड़ि कए हुनका रोकबाक प्रयास कएलनि। एकर बाद दुनू नेता किछु समय धरि ठाढ़ भए बात करैत देखल गेलाह। ई बात ओहि समय भेल अछि, जखन सम्मेलन सं अलग भारत आ रूसक संबंध कें लए कए सेहो महत्वपूर्ण गतिविधि देखबाक लेल भेटल। ग्रुप फोटो सं पहिने प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ राष्ट्रपति पुतिन एक-दोसराक अभिवादन कएलनि। एकर एक दिन पहिने बिश्केक मे दुनू नेताक बीच विस्तृत द्विपक्षीय बैठक सेहो भेल छल। बैठक मे भारत-रूस संबंधक अतिरिक्त व्यापार, निवेश, ऊर्जा आ उर्वरक सुरक्षाक मुद्दा पर विस्तार सं विचार-विमर्श भेल। प्रधानमंत्री मोदी रूस-यूक्रेन युद्ध समाप्त करबाक अपन अपील सेहो दोहरौलनि। ओ कहलनि जे संघर्षक प्रत्येक दिन मानवताक पाछां धकेलैत अछि आ दुनू पक्ष कें लगातार चलि रहल युद्ध सं शांतिक दिस आगू बढ़बाक चाही।

**फोटो खिचेलाक बाद ई घटना वीडियो भेल वायरल**

### राष्ट्रपति पुतिन संग प्रधानमंत्री मोदीक बैठक

प्रधानमंत्री मोदी आ राष्ट्रपति पुतिनक बैठक एहि कारण सं सेहो महत्वपूर्ण रहल जे रूसी राष्ट्रपतिक एहि मास भारत आबि रहलाक संभावना अछि। ई यात्रा वार्षिक ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे भाग लेबाक लेल प्रस्तावित अछि। एकर एक दिन पहिने सोमदिन दुनू नेता बिश्केक मे विश्व घुमंतू खेलक उद्घाटन समारोह मे सेहो एकठाम देखल गेलाह। दुनू नेता पुतिनक लिमोजिन कार मे संगहि यात्रा सेहो कएलनि। ओतहि ग्रुप फोटो खिचबाक समय प्रधानमंत्री मोदी आ चीनक राष्ट्रपति शी चिनफिंग सेहो एक-दोसर सं हाथ मिलबैत आ किछु समय धरि बातचीत करैत देखल गेलाह। दुनू नेताक ई सार्वजनिक संवाद सेहो सम्मेलनक दौरान चर्चाक विषय बनल रहल।

बिश्केक मे आयोजित एससीओ शिखर सम्मेलन मे भारत, चीन, रूस आ पाकिस्तान सहित 10टा सदस्य देशक नेता सहभागी भेल छथि। एहि बैठकक समय क्षेत्रीय सुरक्षा, संपर्क, आर्थिक सहयोग आ बदलैत भू-राजनीतिक समीकरण पर समस्त दुनियाक नजरि टिकल अछि। सम्मेलन स्थल पर प्रधानमंत्री मोदी ईरानक विदेशमंत्री सैयद अब्बास अराघची सं सेहो हाथ मिला कए अभिवादन कएलनि। एकर अतिरिक्त संयुक्त राष्ट्रक महासचिव एंतोनियो गुतारेस संग हुनकर आत्मीय भेंट भेल। दुनू नेता एक-दोसर कें गले लगा कए अभिवादन कएलनि।

## सीजेआइ सूर्यकांत कॉकरोच जनता पार्टीक दोसर मांग सेहो केलनि पूरा

**नई दिल्ली, एजेंसी।** सुप्रीम कोर्ट संविधानक ताकतिक उपयोग करैत कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) द्वारा आयोजित आंदोलनक दौरान प्रदर्शनकारी सभ पर दर्ज एफआईआर रद्द कए देलक अछि। सीजेआइ सूर्यकांतक नेतृत्वबला पीठक समक्ष केंद्र सरकार 20 सं 25 जुलाईक बीच दर्ज सभ 13टा एफआईआर समाप्त करबाक आग्रह केने छल। हालांकि, गंभीर आपराधिक अभिलेखबला 2873 लोकक विरुद्ध आपराधिक मामिला चलेबाक अनुमति कोर्ट देने अछि। प्रदर्शनकारी सभ पर दर्ज एफआईआर रद्द करेनाइ सजेपी केर दोसर पैघ मांग छल, जे आब सुप्रीम कोर्ट पूरा कए देलक अछि। पहिल पैघ मांग नीट प्रश्नपत्र लीक मामिला मे केंद्रीय मंत्री धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफा छल। सीजेआइ सूर्यकांत, न्यायमूर्ति जयमाल्या बागची आ न्यायमूर्ति वी. मोहना केर पीठ संविधानक अनुच्छेद 142 केर उपयोग कए एफआईआर रद्द कएलक। कोर्ट कहलनि जे युवा प्रदर्शनकारीसभक भविष्य कें ध्यान मे राखि पूर्ण न्याय लेल एहि अधिकारक उपयोग कएल गेल अछि।



## दिल्ली मे निःशुल्क सोलर पैनल लगाओत रेखा सरकार

**नई दिल्ली, एजेंसी**

दिल्लीक भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) सरकार मुफ्त बिजली कें लए कए एकटा पैघ सनेश देलक अछि। मुख्यमंत्री रेखा गुप्ताक नेतृत्वबला सरकार दिल्लीक सौर ऊर्जा नीति मे संशोधनक स्वीकृति दैत निःशुल्क सोलर पैनल लगेबाक घोषणा कएलक अछि। एहि योजनाक अंतर्गत 2.30 लाख परिवारक छत पर मुफ्त सोलर पैनल लगाओल जाएत। दिल्लीक मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता कहलनि जे दिल्ली सौर ऊर्जा नीतिक नव संस्करण लागू कएल गेल अछि। एकर अंतर्गत मासिक 400 यूनिट धरि बिजलीक खपत करयवला घरसभक छत पर सरकार बिना कोनो शुल्कक तीन किलोवाट (3 केवी) क्षमताक सोलर सिस्टम लगाओत। सरकार 2.30 लाख छत पर पूर्णतः निःशुल्क सोलर प्लांट लगाओत। एतबे नहि, एहि संयंत्रक संचालन आ रखरखाव सेहो सरकार पांच वर्ष धरि स्वयं करत। एहि सं होमयवला सभ लाभ उपभोक्ता कें देल जाएत। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकारक उद्देश्य मात्र लोक सभ कें 200 यूनिट मुफ्त बिजली देनाइ नहि, बल्कि बिजली कें उत्पादक बनौनाइ सेहो अछि। हुनकर कहब छल जे पहिने सोलर पैनल लगबैत समय उपभोक्ता कें अपन दिस सं राशि देबय पड़ैत छल आ बाद मे सरकारक दिस सं धीरे-धीरे अनुदान देल जाइत छल। मुदा आब सरकार पहिनहि पूरा खर्च वहन कए उपभोक्ताक छत पर सोलर संयंत्र निःशुल्क लगाओत।


भेटत मुफ्त बिजली आमदनीक सेहो अवसर

**अतिरिक्त बिजली बेचला पर करीब 950 रुपैया आमदनी :** रेखा गुप्ता कहलनि जे तीन किलोवाटक रूफटॉप सोलर सिस्टम लगेबाक लेल केंद्र सरकार 78 हजार रुपैयाक अनुदान दैत अछि आ दिल्ली सरकार सेहो एतबे राशि खर्च करैत अछि। अनुदान आ कुल लागतक बीच जे अंतर रहि जाइत छल, आब ओकर भार सेहो दिल्ली सरकार स्वयं वहन करत। जिनका घरक मासिक बिजली खपत 400 यूनिट धरि अछि, हुनकर छत पर तीन किलोवाटक सोलर सिस्टम बिना कोनो शुल्कक लगाओल जाएत।

# होर्मुज मे समुद्री माइंस सं टकरायल सुपर टैंकर, विस्फोटक बाद लागल आगि



**तेहरान, एजेंसी**

होर्मुज जलडमरूमध्य मे एकटा सुपर टैंकर दूटा समुद्री माइंस सं टकरा गेल। ईरानक रिवोल्यूशनरी गाड्र्स कॉर्प्स केर अनुसार, टकरावक बाद टैंकर मे भीषण आगि लागि गेल आ ओ पूर्ण रूप सं रुकि गेल। हालांकि, ईरान जहाजक नाम आ ओकरा पर सवार चालक दल मे कतेक लोक छलाह, से नहि बतौलक अछि। आइआरजीसी केर कहब अछि जे टैंकर बिना अनुमति बला समुद्री मार्ग सं गुजरि रहल छल। ईरान होर्मुज जलडमरूमध्य मे निर्धारित सुरक्षा नियमक पालन नहि करयबला अन्य जहाज सभ कें सेहो कारबाइक चेतावनी देने अछि। एहि बीच अमेरिका करीब एक मास बाद फेर ईरान पर सैन्य कारबाइ कएलक अछि। अमेरिकी सेनाक अनुसार, रविदिन होर्मुज जलडमरूमध्यक लग ईरानक लारक द्वीप पर दूटा रॉकेट प्रक्षेपक कें निशाना बनाओल गेल। अमेरिकाक कहब अछि जे ईरानक रिवोल्यूशनरी गाड्र्सक जवान होर्मुज जलडमरूमध्य मे रॉकेट आ समुद्री माइंस प्रक्षेपित करबाक तैयारी कए रहल छलाह। ईरानी मीडिया हमला मे कतेको सैनिक आ नागरिकक मृत्यु भेलाक दावा कएलक अछि।

**ईरानक जॉर्डन मे अमेरिकी सैन्य अड्डा पर जवाबी हमला :** अमेरिकी हमलाक बाद ईरान जॉर्डन स्थित दूटा अमेरिकी हवाई अड्डा पर बैलिस्टिक मिसाइल सं हमला करबाक दावा कएलक अछि। ईरानी मीडियाक अनुसार, अमेरिकी हवाई अड्डाक तकनीकी आ रखरखाव संबंधी ढांचा तथा लड़ाकू विमान तैनातीबला क्षेत्र कें निशाना बना कए मिसाइल दागल गेल। ओतहि अल अरबियाक अनुसार, जॉर्डनक वायु रक्षा प्रणाली ईरानी मिसाइल सभ कें बीच बाट मे रोकि देलक।

**इंजिन भेल बंद, अमेरिका एक मास बाद फेर ईरान पर कएल सैन्य कारबाइ**

**होर्मुजक बीच मे स्थित अछि लारक द्वीप :** लारक द्वीप ईरानक प्रमुख बंदरगाह बंदर अब्बासक लग स्थित अछि आ होर्मुज जलडमरूमध्यक लगभग बीच भाग मे पड़ैत अछि। ई समुद्री मार्ग संपूर्ण दुनियांक लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। युद्ध सं पहिने दुनियां भरि मे उपयोग होमयबला करीब 20 प्रतिशत कच्चा तेल आ तरलीकृत प्राकृतिक गैस (एलएनजी) केर आवाजाही एहि मार्ग सं होइत छल। रिपोर्टक अनुसार, ईरान एखन लारक द्वीपक लग सं गुजरयबला टैंकर सबहक जांच कए रहल अछि। जहाज सभ सं जलडमरूमध्य पार करबाक लेल 20 लाख डॉलर अर्थात करीब 19 करोड़ रुपैया धरि कर वसूलल जा रहल अछि।

**अमेरिकी सेनाक दिस सं हालहि हटाओल गेल छल समुद्री बारूदी सुरंग :** अमेरिकी सेनाक अनुसार, पछिला सप्ताह होर्मुज जलडमरूमध्यक अंतरराष्ट्रीय जहाजरानी मार्ग सं समुद्री बारूदी सुरंग हटेबाक काज पूरा कएल गेल छल। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप सेहो कहने छलाह जे अंतरराष्ट्रीय जलक्षेत्र मे सभ समुद्री सुरंग कें हटाओल गेल अछि अथवा निष्क्रिय कए देल गेल अछि। ट्रंप चेतावनी देने छलाह जे जं कोनो जहाज अथवा नाव होर्मुज जलडमरूमध्य मे नव समुद्री सुरंग बिछेबाक प्रयास करत, तं ओकरा नष्ट कए देल जाएत। एकटा अमेरिकी अधिकारीक अनुसार, ईरानी रिवोल्यूशनरी गाड्र्सक गतिविधि पर लगातार नजरि राखल जा रहल छल।

**होर्मुज कें अमेरिकाक क्षेत्र बता चुकल छथि ट्रंप :** अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप होर्मुज जलडमरूमध्य कें न्यू यूएस टेरिटरी अर्थात नव अमेरिकी क्षेत्र बता चुकल छथि। 18 अगस्त कें ओ पहिल बेर होर्मुज पर अमेरिकी नियंत्रणक बात कहने छलाह। एकर बाद 23 अगस्त कें सेहो ट्रंप अपन ट्रुथ सोशल खाता पर एकटा एहन तस्वीर साझा कएलनि, जाहि मे होर्मुज जलडमरूमध्य कें अमेरिकी क्षेत्रक रूप मे देखाओल गेल छल। होर्मुज जलडमरूमध्य विश्वक प्रमुख समुद्री व्यापारिक मार्ग सभ मे सं एक अछि। एहि कारण सं एहि क्षेत्र मे बढ़ैत सैन्य गतिविधि आ समुद्री जहाजसभक आवागमन पर संपूर्ण विश्वक नजरि टिकल अछि।

# टेस्ट सीरीज सं पहिने न्यूजीलैंड 'इंडिया ए' संग खेलत तीन चारि दिवसीय तैयारी मैच

न्यूजीलैंड क्रिकेट (एनजेडसी) मंगल दिन पुष्टि कएलक जे ओ इंडिया ए टीमक मेजबानी करत। दुनू देशक बीच होमय बला दू मोकाबलाक टेस्ट सीरीज सं पहिने 'इंडिया ए' आ 'इंडिया ए'क बीच अक्टूबर सं तीन चारि दिवसीय तैयारी मैच खेलल जाएत।

भारत अक्टूबरक अंत सं दिसंबरक शुरूआत धरि न्यूजीलैंडक दौरा पर रहत, जतय 5 टी20, 5 वनडे आ 2 टेस्ट मैच खेलल जाएत। एनजेडसी प्लंकेट शील्डक कार्यक्रम जारी करैत बतौलक जे एहि दौरा मे 'इंडिया ए'क विरुद्ध तीन चारि दिवसीय मैच सेहो शामिल अछि।

एनजेडसी एकटा बयान मे कहलनि, घरेलू रेड-बॉल ग्रीष्मकालीन सत्र मे अंतरराष्ट्रीय स्तरक रोमांच सेहो देखबा लेल भेटत, किएक तं न्यूजीलैंड ए क्राइस्टचर्च मे 'इंडिया ए' संग 3 चारि दिवसीय मैच खेलत, जे 24 अक्टूबर सं शुरू होएत।

एकर संग बोर्ड घरेलू फर्स्ट-क्लास टूनार्मेंटक घोषणा सेहो कएलक, जे 19 नवंबर सं शुरू भए 29 मार्च धरि चलत। एहि बीच सुपर स्मैश आ फोर्ड ट्रॉफी लेल विराम सेहो रहत।



न्यूजीलैंड ए आ 'इंडिया ए' बीच तीन बहुदिवसीय मैच व्हाइट-बॉल दौरा संगहि खेलल जाएत। हालांकि, न्यूजीलैंड क्रिकेट सटीक तारीखक जानकारी नहि देलक अछि, मुदा बोर्ड कहलनि जे तीन चारि दिवसीय मैच 24 अक्टूबर सं शुरू होएत।

न्यूजीलैंड क्रिकेटक इतिहास मे ई सब सं पैघ अंतरराष्ट्रीय दौरा होयत, जाहि मे न्यूजीलैंड भारतक मेजबानी करत। व्हाइट-बॉल दौरा 22 अक्टूबर कें टी20 मैच सं शुरू होयत आ अगिला चारि मोकाबला 24, 27, 30 अक्टूबर आ 1 नवंबर कें खेलल जाएत।

वनडे मोकाबला 4, 7, 10, 13 आ 15 नवंबर कें खेलल जाएत। एकर बाद दू टेस्ट मैच 19 नवंबर सं 1 दिसंबर धरि आयोजित होएत। एहि दौरा सं भारत 2019क बाद पहिल बेर न्यूजीलैंड मे टेस्ट क्रिकेट खेलत आ 2022क बाद ओहि देश मे पहिल व्हाइट-बॉल दौरा करत।

### भारतक न्यूजीलैंड दौरा

पहिल टी-20 मैच : 22 अक्टूबर (क्राइस्टचर्च)
पहिल टी-20 मैच : 24 अक्टूबर (क्राइस्टचर्च)
पहिल टी-20 मैच : 27 अक्टूबर (वेलिंगटन)
पहिल टी-20 मैच : 30 अक्टूबर (ऑकलैंड)
पहिल टी-20 मैच : 1 नवंबर (हैमिल्टन)
पहिल वनडे मैच : 4 नवंबर (ऑकलैंड)
दोसर वनडे मैच : 7 नवंबर (वेलिंगटन)
तेसर वनडे मैच : 10 नवंबर (हैमिल्टन)
चारिम वनडे मैच : 13 नवंबर (माउंट माउंगानुई)
पांचम वनडे मैच : 15 नवंबर (माउंट माउंगानुई)
पहिल टेस्ट मैच : 19-23 नवंबर (वेलिंगटन)
दोसर टेस्ट मैच : 27 नवंबर-1 दिसंबर (क्राइस्टचर्च)

# ईशांत शर्मा : कपिल देवक बाद टेस्ट मे भारतक दोसर सफलतम तेज गेंदबाज

भारतीय क्रिकेट टीमक तेज गेंदबाज ईशांत शर्मा अपन लंबाइ, निरंतरता आ करीब 150 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं गेंदबाजी लेल जानल जाइत छथि। ईशांत टेस्ट क्रिकेट मे भारतक छठम सब सं सफल गेंदबाज छथि। ओतहि कपिल देवक बाद टेस्ट क्रिकेट मे भारतक दोसर सब सं सफल तेज गेंदबाज छथि। ईशांत शर्माक जन्म 2 सितंबर 1988 कें दिल्ली मे भेल छल। दहिना हाथक एहि तेज गेंदबाज 2006 मे दिल्ली लेल पदार्पण केने छलाह। छह फीट चारि इंच

## पांच वर्ष सं पहिने खेललनि अंतिम मैच

लंबा ईशांत शर्मा मे एकटा तेज गेंदबाज मे होमय बला सभ क्षमता छल। हुनका लग गति संग स्विंग आ बाउंस सेहो छल, जे विपक्षी बल्लेबाजक लेल बेर-बेर परेशानी ठाढ़ करैत छल। विराट कोहली, शिखर धवन आ गौतम गंभीर जेना दिग्गज क्रिकेटरक संग घरेलू क्रिकेट खेलनिहार ईशांत कें मई 2007 मे बांग्लादेश विरुद्ध टेस्ट मे पदार्पणक अवसर भेटल। घरेलू क्रिकेट मे पदार्पणक ठीक एक वर्षक भीतर भारतीय टीम मे जगह बनेनिहार ईशांत अंतरराष्ट्रीय स्तर पर सेहो अपन गेंदबाजी सं प्रभावित कएलनि आ शीघ्रहि टेस्ट आ वनडे प्रारूप मे भारतीय तेज गेंदबाजीक प्रमुख चेहरा बनि गेलाह। ईशांत देश आ विदेश दुनू ठाम सफलता हासिल कएलनि। एमएस धोनीक कप्तानी मे 2013 मे इंग्लैंड कें हरा आईसीसी



चैंपियंस ट्रॉफी जीतनिहार टीमक ईशांत महत्वपूर्ण सदस्य छलाह। टेस्ट क्रिकेट मे शर्माक प्रभाव व्यापक रूप सं देखल गेल। विराट कोहलीक कप्तानी मे देश आ विदेश मे टेस्ट क्रिकेट मे भारतीय टीम कें भेटल सफलता मे ईशांतक गेंदबाजी सेहो एकटा प्रमुख कारण रहल। शर्मा भारतक ओहि चुनिंदा क्रिकेटर मे शामिल छथि, जे 100 टेस्ट खेलबाक उपलब्धि हासिल कए सकलाह। 38 वर्षक होमय जा रहल ईशांत शर्मा भारतीय टीम लेल 105 टेस्ट मैच, 80 वनडे आ 14 टी-20 मैच खेललनि। टेस्ट मैच मे हुनकर नाम पर 311 विकेट, वनडे मे 115 विकेट आ टी-20 मे 8 विकेट दर्ज अछि। ईशांत नवंबर 2021क बाद सं भारतीय टीम लेल नहि खेललनि। ईशांत निश्चित रूप सं आब भारतीय टीमक योजना मे नहि छथि, मुदा ओ एखन धरि संन्यास नहि लेने छथि। ओ आईपीएल मे गुजरात टाइटंसक हिस्सा छथि। 2008 सं आईपीएल खेलि रहल ईशांत 117 आईपीएल मैच मे 96 विकेट लेने छथि। आईपीएल मे विराट कोहलीक संग ईशांतक दोस्ताना प्रतिस्पर्धा सदिखन आकर्षणक केंद्र रहल अछि।

# टी-20 त्रिकोणीय सीरीज : अंतिम ओवर मे 4 विकेट रोमांचक मोकाबला मे जिंबाब्वे नामीबिया कें हरौलक

जिंबाब्वे सोम दिन नामीबियाक विरुद्ध खेलल गेल टी-20 त्रिकोणीय सीरीज 2026क तेसर मोकाबला मे 5 रन सं रोमांचक जीत हासिल कएलक। शानदार ऑलराउंड प्रदर्शन लेल ब्रैड इवांस कें प्लेयर ऑफ द मैच चुनल गेल।

नामीबिया सीरीजक पहिल मोकाबला मे दक्षिण अफ्रीका कें 18 रन सं हरा सभ कें चौंका देने छल। मुदा एकर बाद टीम कें पहिल हारक सामना करय पड़ल अछि। ओतहि जिंबाब्वे अपन पहिल मोकाबला मे दक्षिण अफ्रीका सं 7 विकेट सं हारि गेल छल, मुदा एहि जीतक संग टीम सीरीज मे जीतक खाता खोलि देलक।

विंडहोक स्थित नामीबिया क्रिकेट ग्राउंड मे टॉस हारि कए बल्लेबाजी करय उतरल जिंबाब्वेक टीम 20 ओवर मे 6 विकेट गमा कए 195 रन बनौलक। ब्रायन बेनेट बेन करनक संग सलामी जोड़ीक



रूप मे 36 गेंद मे 64 रन जोड़लनि। ब्रायन 21 गेंद मे 6 चौकाक संग 32 रन बनाकए पवेलियन लौटि गेलाह, जाहिक बाद विकेट खसबाक सिलसिला शुरू भए गेल। स्थिति ई रहल जे टीम 9.4 ओवर मे 79 रनक स्कोर धरि 5 विकेट गमा चुकल छल। एहि ठाम सं रेयान बर्ल ताड़ीवानाशे मारुमानीक संग छठम विकेट लेल 22 रन जोड़लनि। मारुमानी 11 गेंद मे 1 छक्का आ 1 चौकाक संग 18 रन बनाकए आउट भेलाह। एकर बाद बर्ल ब्रैड इवांसक संग सातम विकेट लेल 48 गेंद मे 94 रनक साझेदारी कए टीम कें मजबूत स्थिति मे पहुंचौलनि। बर्ल 32 गेंद मे 1 छक्का आ 7 चौकाक संग 57 रन बनौलनि, जखनकि इवांस 25 गेंद मे 2 छक्का आ 2 चौकाक संग 37 रनक नाबाद पारी खेललनि। विपक्षी टीम दिस सं कप्तान गेरहार्ड इरास्मस 46 रन दए 3 विकेट लेलनि। बर्नार्ड शोल्ट्ज, जेजे स्मिट आ मैक्स हेइंगो कें 1-1 विकेट भेटल।

एकर जवाब मे नामीबियाक टीम 20म ओवरक आखरी गेंद पर 190 रन पर ऑलआउट भए गेल। टीम 28 रनक स्कोर धरि 2 विकेट गमा देने छल। एकर बाद निकोल लॉफ्टी-ईटन जान फ्रीलिंकक संग तेसर विकेट लेल 27 गेंद मे 32 रनक साझेदारी कए टीम कें 60 रन धरि पहुंचौलनि। मुदा एहि जोड़ीक टूटलाक बाद फेर विकेट खसब शुरू भए गेल। 11.1 ओवर धरि टीम 76 रन पर छठम विकेट सेहो गमा चुकल छल। एहि ठाम सं अलेक्जेंडर वोल्शेंक जेन ग्रीनक संग सातम विकेट लेल 49 गेंद मे 109 रन जोड़ि टीम कें जीतक बहुत नजदीक पहुंचा देने छलाह। मुदा आखरी ओवर मे जिंबाब्वे मोकाबलाक पासा पलटि देलक। आखरी ओवर मे नामीबिया कें जीत लेल 16 रन चाही छल। गेंद ब्रैड इवांस कें देल गेल। पहिल गेंद नो-बॉल रहल, जाहि पर अलेक्जेंडर दू रन लेलनि। अगिला गेंद फ्री हिट छल, मुदा एहि पर सेहो अलेक्जेंडर मात्र दू रन बना सकलाह।

ओवरक दोसर आधिकारिक गेंद पर अलेक्जेंडर सिंगल लेबाक प्रयास कएलनि, मुदा जेन ग्रीन 54 रन पर रन आउट भए गेलाह। एकर बाद तेसर गेंद पर अलेक्जेंडर चौका जड़लनि। टीम कें आखरी तीन गेंद पर 6 रन चाही छल। मुदा चारिम गेंद पर अलेक्जेंडर 56 रन पर कैच आउट भए गेलाह। एकर बाद अगिला गेंद पर बर्नार्ड शोल्ट्ज रन आउट भए गेलाह।

# विमेंस एशिया कप : नाहिदा-मारूफा समेटलनि आधा टीम

बांग्लादेश विमेंस एशिया कप 2026 मे अपन अभियानक शानदार शुरूआत कएलक। एहि टीम सोम दिन दुबई इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल गेल मोकाबला मे इंडोनेशिया कें 71 रन सं हरा देलक। टॉस हारि कए बल्लेबाजी करय उतरल बांग्लादेशक टीम निर्धारित ओवर मे 8 विकेट गमा कए मात्र 129 रन बना सकल। टीम 16 रनक स्कोर धरि जुवैरिया फिरदौसक विकेट गमा देने छल। एकर बाद शोभना मोस्तरी दिलारा अख्तरक संग दोसर विकेट लेल 43 गेंद मे 40 रन जोड़लनि। दिलारा 31 गेंद मे 4 चौकाक संग 27 रन बनाकए आउट भेलनि। एकर बाद शोभना कप्तान निगार सुल्तानाक संग तेसर विकेट लेल 26 रन, जखनकि शोर्ना अख्तरक संग चारिम विकेट लेल 23 रन जोड़ि टीमक स्कोर शतकक पार पहुंचौलनि। 17म



ओवरक पांचम गेंद पर टीम शोभनाक विकेट गमा देलक। शोभना 42 गेंद मे 1 छक्का आ 2 चौकाक संग 40 रन बनौलनि। अगिला गेंद पर रितू मोनी सेहो बिना कोनो रन बनौने पवेलियन लौटि गेलनि। एकर बाद शोर्ना अख्तर फहिमा खातूनक संग छठम विकेट लेल 20 रन जोड़लनि। शोर्ना 18 गेंद मे 1 छक्का आ 3 चौकाक संग 31 रन बनाकए नाबाद रहलनि। विपक्षी टीम दिस सं नी कादेक अरियानी सब सं बेसी 3 विकेट लेलनि, जखनकि नी लुह देवी कें 2 विकेट भेटल। एकर अतिरिक्त नी माडे पुत्री सुवांदेवी आ सोफिया वेलिक 1-1 विकेट लेलनि। एकर जवाब मे इंडोनेशियाक टीम 17.3 ओवर मे मात्र 58 रन पर ढेर भए गेल। टीम कें 19 रनक स्कोर पर रहमावती पंगेस्तुती (9)क रूप मे पहिल झटका लागल, जाहिक बाद टीम ताशक पत्ता जेना बिखरि गेल। इंडोनेशिया दिस सं मारिया कोराजोन सब सं बेसी 12 रन बनौलनि। हुनका छोड़ि दोसर कोनो बल्लेबाज दहाई अंक धरि नहि पहुंचि सकलनि। बांग्लादेशक लेल नाहिदा अख्तर 4 ओवर मे 15 रन दए सब सं बेसी 3 विकेट लेलनि, जखनकि मारूफा अख्तर 6 रन दए 2 विकेट चटकलनि। संजीदा अख्तर आ फहिमा खातून कें 1-1 विकेट भेटल।


धन्यवाद मिथिला




आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार





# दलीप ट्रॉफी : वैभव, अभिमन्यु संग चमकलाह मुकेश सेंट्रल जोन कें 4 विकेट सं हरा ईस्ट जोन फाइनल मे

ईस्ट जोन दलीप ट्रॉफी 2026क सेमीफाइनल-1 मे सेंट्रल जोन कें 4 विकेट सं हरा फाइनल मे पहुंचि गेल अछि। मैचक तेसर दिन ईस्ट जोन ई जीत हासिल कएलक। कुल 7 विकेट लेनिहार मुकेश कुमार कें ह्यप्लेयर ऑफ द मैचह्न चुनल गेल। आब फाइनल मोकाबला चेन्नईक एमए चिदंबरम स्टेडियम मे 6 सितंबर सं शुरू होएत। एहि मे ईस्ट जोनक भिड़ंत सेमीफाइनल-2 मे नॉर्थ जोन आ साउथ जोनक बीच होमय बला मोकाबलाक विजेता टीम सं होएत। टॉस हारि कए पहिने बल्लेबाजी करय उतरल सेंट्रल जोनक टीम पहिल पारी मे 266 रन बनौलक। एहि पारी मे रिंकू सिंह सब सं बेसी 60 रन बनौलनि, जखनकि आर्यन जुयाल 46 रनक योगदान देलनि। यश ठाकुर नाबाद 30 रनक पारी खेललनि। विपक्षी टीम दिस सं मुकेश कुमार 56 रन दए 3 विकेट आ अभिजीत सरकार 3 विकेट लेलनि। जखनकि मोहम्मद शमी आ कौनेन कुरैशी कें 2-2 विकेट भेटल।

एकर जवाब मे ईस्ट जोन सेहो अपन पहिल पारी मे 266 रन बनौलक। सलामी जोड़ीक रूप मे वैभव सूर्यवंशी आ अभिमन्यु ईश्वरन पहिल विकेट लेल 153 गेंद मे 162 रनक साझेदारी कएलनि। वैभव 81 गेंद मे 7 छक्का आ 7 चौकाक संग 92 रन बनाकए आउट भेलाह। अभिमन्यु 8 चौकाक संग 69



रनक पारी खेललनि। एहि अतिरिक्त सुदीप कुमार 25 रन टीमक खाता मे जोड़लनि। सेंट्रल जोन दिस सं हर्ष दुबे 4 विकेट लेलनि, जखनकि आर्यन पांडे आ यश ठाकुर कें 3-3 विकेट भेटल। सेंट्रल जोनक दोसर पारी 158 रन पर सिमटि गेल। टीम 97 रन धरि 8 विकेट गमा चुकल छल। एकर बाद अरशद खान हर्ष दुबेक संग 9म विकेट लेल 43 रनक साझेदारी कए टीम कें खराब स्थिति सं बाहर निकालबाक प्रयास कएलनि। हर्ष 3 चौकाक संग 24 रन बनाकए आउट भेलाह। एकर बाद अरशद 25 रन बनौलनि आ यश ठाकुरक संग 18 रन जोड़लनि। यश ठाकुर 4 रन पर नाबाद रहलाह। एहि पारी मे मुकेश कुमार 44 रन दए 4 विकेट लेलनि। हुनका अतिरिक्त मोहम्मद शमी 3 विकेट लेलनि। अभिजीत सरकार, अनुकूल रॉय आ कौनेन कुरैशी कें 1-1 विकेट भेटल।

159 रनक आसान लक्ष्यक पीछा करय उतरल ईस्ट जोन 39.3 ओवर मे जीत हासिल कए लेलक। सूर्यवंशी आ ईश्वरन पहिल विकेट लेल 85 गेंद मे 61 रन जोड़ि टीम कें मजबूत शुरूआत देलनि। वैभव 43 गेंद मे 2 छक्का आ 3 चौकाक संग 40 रन बनाकए आउट भेलाह। किछु देर बाद ईश्वरन सेहो 24 रन बनाकए आउट भए गेलाह।

65 रन धरि टीम 2 विकेट गमा चुकल छल। एकर बाद कुमार कुशाग्र मोर्चा संभारलनि। ओ विराट सिंहक संग 28 रन आ कप्तान ईशान किशनक संग 31 रनक साझेदारी कए टीमक स्कोर 124 रन धरि पहुंचौलनि। 32म ओवरक तेसर आ चारिम गेंद पर क्रमशः कुशाग्र 22 रन आ अनुकूल रॉय बिना कोनो रन बनौने आउट भए गेलाह। मुदा कप्तान ईशान किशन एक दिस ज मे रहलाह। ओ 41 गेंद मे 5 बाउंड्रीक संग नाबाद 39 रनक पारी खेलि टीम कें जीत दिला देलनि। हर्ष दुबे 53 रन दए 4 विकेट लेलनि, जखनकि सारांश जैन आ यश ठाकुर कें 1-1 विकेट भेटल।

वर्ष 16, अंक 351 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053